Щэкlуэгъуэм и 4-р Щlыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

№132 (25.038) • 2026 гъэм щэкlуэгъуэм (ноябрым) и 3, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

ФІыгъуэ фыщымыщlэу фыпсэуну

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Щlыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм и щlыхькlэ щlыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщlэ зыхуэсщlхэ!

Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэмкlэ си гуми си псэми къабгъэдэкlыу сынывохъуэхъу!

Урысейм къикlуа тхыдэм мыхьэнэ нэхъ зиlэу хэт Іыхьэхэм епхащ мы махуэшхуэр, ди Хэкум и блэкlа щэджащэр, ди щlыхубэм зэрахьа лlыгъэмрэ абы гушхуэ зэрыкlуэцlылъымрэ дигу къигъэкlыжу. Хэкур фlыуэ зэралъагъур, быдэу зэрызэрыlыгъыр, я акъыл зэрызэтехуэр ди адэжьхэм мызэ-мытlэу сэбэп къахуэхъуащ, лъэхъэнэ хьэлъэхэр къызэранэкlын папщlэ.

Дэ дрогушхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм къахэкlауэ, Хэкур лъэхъэнэ гугъухэм зыхъумахэм икlи дахуэарэзыщ нобэ лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралым и лlыкlуэ псоми ябгъурыту, Урысейм и къуэкlуэну махуэр шынагъуэншэ хъун папщlэ, Іэщэ яlыгъыу дзэ Іуэху хэхам хэтхэм.

Ди къэралым и Президент Путин Владимир 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу игъэувауэ йокlуэкl. Нобэрей махуэшхуэм а унафэм мыхьэнэщlэ кърет икlи нэхъри нэхъ быдэу дызэкъуегъэувэ, ди Хэкум и пщlэр, и щхьэхуитыныгъэр, и щlыхьыр мамыр гъащlэм хуэгъэпса лэжьыгъэрэ хахуагъкlэ тхъумэн хуэдэу.

Шэч къытесхьэркъым апхуэдэу быдэу дызэрыlыгъмэ, дэтхэнэ гугъуехьми дызэрыпхыкlыфынум, ди Хэкур ефlэкlуэн папщlэ зыхуэдгъэувыжа къалэн псори зэрытхуэгъэзэщlэнум.

Узыншагъэ быдэ, ехъулlэныгъэ, фlыгъуэ фыщымыщlэу фыпсэуну гурэ псэкlэ сынывохъуэхъу.

ЗэгурыІуэ-зэдэІуэжу

1611 гъэм Новгород Ищхъэрэ и утым иту къалэдэсхэм захуегъазэ Минин Кузьма: «Дыщысхьынкъым мылъкуми ди щхьэми». А псалъэхэм я мыхьэнэр зыхуэзфlэкlхэмрэ уэркъхэмрэ я мызакъуэу, щlыху къызэрыгуэкlхэми, мэкъумэшыщlэхэми, дин лэжьакlуэхэми къагурыlуэрт. Апхуэдэурэ къэхъуат польшэ-литва дзэм пэщlэтыну етlуанэ ополченэр - ар унафэкlэ къызэрагъэпэща дзэтэкъым, атlэ щlыху напэм къызэрезэгъ зэкъуэувэныгъэт...

Адыгэхэр мы махуэм нэгъуэщl нэкlи доплъ Урысейм къытеуам дзэзешэу пэщlэтар Черкасскэхэм ящыщ Дмитрийщи (Къанщауэ). Ар Идар Темрыкъуэ и къуэрылъхут.

Лlэщlыгъуэхэр дэкlа нэужьи, Щlыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм узригъэгупсысыр Іуэху еплъыкlэ зэмыщхьхэр зиlэхэри, мылъкурэ Іэнатlэкlэ зэхуэмыдэхэри я къэкlуэнум и хьэтыркlэ абы зэрызэкъуигъэувэрщ.

1612 гъэм къэхъуа Іуэхугъуэхэм нэхъыщхьэу къыхэхыпхъэр зы гупыр адрейм зэрытекlуаракъым, атlэ къэрал кlуэцlым зэрыщызагуэшыр, зэрыщызэмызэгъыр къызэрызэранэкlыфар арауэ къыщlэкlынщ. Етlуанэ щlыхубэ дзэ пакlэми лlакъуэ зэхуэмыдэхэм щыщхэр, Іуэху еплъыкlэ зэмылlэужьыгъуэхэр зиlэхэр щызэкъуэуват, псоми я зэхуэдэ мурадыр - къэралыр хъумэныр - яlэу.

Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкlэ, Минин Кузьмарэ Пожарский Дмитрийрэ зэкъуэувэну щlыхубэм унафэ хуащlатэкъым - абыхэм Іэмал ираташ зэгурыlуэу зы лъэныкъуэкlэ плъэну. Аращ махуэшхуэм и дерс нэхъыщхьэр: зэкъуэтыныгъэр псоми я къару зэхэлъщ.

Ди республикэр щапхъэу жьлlэ хъунщ абы теухууэ. Мыбдеж лlэщlыгъуэкlэрэ щызэдопсэу адыгэхэр, балъкъэрхэр, урысхэр, нэгъуэщl лъэпкъ куэдми щыщхэр. Ахэр зэгъусэу зэдыхэтщ жылагъуэм дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиlэ Іуэхухэм. Псапэ щlащlэ Іуэху къыкъуэкlмэ, сыт хуэдэ лъэпкъым ущыщми щыщlэупщlэркъым, сыткlэ дывдэlэпыкъун, жаlэ мыхъумэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэкъуэтыныгъэм сыт щыгъуи гулъытэ хэха щиlэщ. Абы и щыхьэтщ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и фэеплъи («Урысейм игъащlэкlэ дыщlыгъунущ» аркэр 2007 гъэм яухуэри, фокlадэм къызэlуахауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ зэрызэгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлlэу), лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэхэм я щlэхэр зэгъусэу зытет, Хэку зауэшхуэм и фэеплъ мывэхэри зэрыдиlэр.

Зэрыхабзэу, Щlыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлlэу, республикэм щэнхабзэ зэхыхьэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, пшыхьхэр щокlуэкl. 2026 гъэм щэкlуэгъуэм и 4-р бэрэжьейм тохуэ. Махуэшхуэр зэгъусэу ягъэлъэпlэну Щlалэгъуалэм я унэм щlыхухэр ирегъэблагъэ (щэкlуэгъуэм и 3-м) ди къэралым ис лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэхэр зэзызшэлlэну «Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэ» зыфlаща фестивалым.

Махуэр ирагъэжьэнуш «Еплlанэ махуэм и дэлэн» («Пирог на четвёртое») урысейпсо Іуэхумкlэ. Къызэхуэсахэр ягъэхьэщlэнуш лъэпкъ шхыныгъуэхэмкlэ. Апхуэдэуи щlыхухэр щагъэгъуэзэнуш щыгъыным дамыгъэ зэмылlэужьыгъуэхэр зэрытращlыхь щlыкlэм. Зэхуэсым и Іыхьэ нэхъыщхьэ хъунущ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я лъэпкъ хабзэхэм я еджапlэ» Іуэхум кърикlуахэр къызэщlакъуэжыныр. Ар иджыри зы Іэмалщ ди республикэм ис лъэпкъхэм я хабзэхэм я къулеягъыр ягъэлъэгъуэнымкlэ.

Махуэшхуэм пащэнущ республикэм и уэрэджыlакlуэ, къэфакlуэ гупхэм. Хьэщlэхэм щlыхубэ джэгухэри къапоплъэ, фестивалыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и КВН лигэм и гупхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэкlэ иухынущ. Къыхэгъэщын хуейщ Зэкъуэтыныгъэм и махуэм и щlыхькlэ нэгъуэщl Іуэху куэд республикэм зэрыщекlуэкlынур.

Тхыдэтхэм къытхуагъэнаlуэ: зэманым и зэхэзэрыхьыгъуэр (Смутное время) къызэрызэранэкlар Іэщэкъым, атlэ зэгурыlуэныгъэм и къарурщ. Дзыхь щызэхуамыщlыж жылагъуэм зэпlэзэрытыныгъэр щокlуэд. Ауэ лъэпкъ зэхуэмыдэхэр щызэгурыlуэ жылагъуэм зэман гугъухэри къызэренэкlыф. Лъэпкъ куэду зэхэт ди республикэм дежкlэ а псалъэхэм я мыхьэнэр цlыкlукъым, зэныбжьэгъугъэм и лъабжьэщ.

Щэкlуэгъуэм и 4-м зэкъуэтыныгъэм дытепсэлъыхь къудейуэ къэмынэу, ар Іуэхукlэ щытхущlэгъэбыдэн тхурехъу. Уи гъунэгъум удэlэпыкъуфмэ, нэгъуэщlым и Іуэху дэпlыгъыфмэ, зым адрейм пщlэ хуищlыфмэ - аращ цlыхубэ зэкъуэтыныгъэ хъужыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Урысей Федерацэм Хамэ къэрал Іуэхухэмкlэ и министерствэм, «Россотрудничество» агентствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэгъусэу къызэрагъэпэщри, «Урысейр Іэмалхэм я къэралщ» программэм ипкъ иткlэ, ди хэкум кърагъэблэгъащ хамэ къэралхэм щыхэхэс адыгэхэр. Дунейпсо мыхьэнэ зиlэ мы Іуэхур къыдахащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым техуэу икlи ди республикэр езым фlэфlу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 470-рэ щрикъум ипэ къихуэу.

ПщІэрэ щІыхьрэ зэрылъ лъахэ



Хамэ къэралхэмрэ УФ-м и щlыналъэхэмрэ къикlа адыгэхэр Урысейм и МИД-м и Уардэунэм щlэту.

МОСКВА, Налшык, Черкесск ирагъэлъагъуну, ирагъэцlыхуну, адэжь щlыналъэм щекlуэкl псэукlэмрэ Іэмалхэмрэ зыщагъэгъуэзэну кърагъэблэгъащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Германием, Абхъазым щыщ ди лъэпкъэгъуу цlыху 20-м щlигъу.

Къалащхьэм щекlуэкlа зэlущlэхэм хэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий зи пашэ лlыкlуэ гупри. Абыхэм яхэтт Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Ставрополь, Краснодар крайхэм щыlэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лlыкlуэхэмрэ.

Къэрал зытхухым щыщ адыгэ цlыху 40-м щlигъум Москва щагъэкlуа махуищым кьриубыдэу Іуэху гъэщlэгъуэн куэдым хэтащ. Хэхэс адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ щыхьэрым и дахагъымрэ инагъымрэ ирагъэлъагъуу, и тхыдэм щагъэгъуазэу къалащхьэм къыщрашэкlа нэужь, адыгэхэмрэ урысхэмрэ я зэпыщlэныгъэм, зэкъуэтыныгъэм, щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэхэм щыхьэт техъуэ тхыдэ щlыпlэхэм яшащ. Москва Кремлым и Музейхэм ящыщу къыщыщlадзар Оружейнэ палатэрщ. Ар хъугъуэфlыгъуэ, лъапlэныгъэ куэд зыщlэлъ, Кремль Уардэунэм и зы Іыхьэщ. Абы щахъумэ пасэрей къэрал регалиехэр, пащтыхьым и фэилъхьэгъуэ ехьэжьахэр, дыщэ, дыжьын, налкъутналмэс зыхэс тажхэр, урыс чыристан члисэм и иерархххэм я щыгъынхэр, дыщэ, дыжьын хьэпшыпхэмрэ унэлъащlэхэмрэ, Іэщэ лlэужьыгъуэхэр, уеблэмэ лlэщlыгъуэ, илъэс зэхуэмыдэхэм пащтыхьхэр къызэрырашэкlыу щыта гу гъэщlэрэщlахэр, нэгъуэщlхэри.

Хамэ къэралхэмрэ Урысейм и щlыналъэхэмрэ икlа гупышхуэр щыlащ Кремлым и Архангельскэ члисэм, Грозный Иван и щхьэгъусэу щыта, Къэбэрдеим и пщышхуэ Идар Темрыкъуэ ипхъу Марие и хьэдэр зыщlэлъым. Пащтыхь гуащэхэмрэ пащтыхьыпхъухэмрэ я хьэдэхэр Архангельскэ члисэм и щlыунэм 1929 гъэм къахьыжауэ щытащ, ахэр зыщlэлъа къулъшырыфыр къагъэуа нэужь.

Грозный Иван и етlуанэ щхьэгъусэ Марие 1561 гъэм Москва къашэу, урыс пащтыхь гуащэ хъуауэ зэрыщытар къыджиlащ музейм и лэжьакlуэм. Абыхэм я къуэцlыкlур щыщlалъхьа щlыпlэр зыми ищlэжыркъым, хуэгъэфэщауэ фlэкlа, мазэ зыбжанэщ ар зэрыпсоуар. XXI лlэщlыгъуэм и пэщlэдзэм ирагъэкlуэкlа къэхутэныгъэхэм якъ иткlэ, щlэныгъэлlхэм ягъэбелджылащ Марие и лъагагъыр зы метррэ сантиметр 60-м нэблагъэу зэрыщытар. Ар а лъэхъэнэм бзылъхугъэ лъагэу жыпlэ хуунут, цlыхухэр абы щыгъуэм нэхъ лъахъшэу зэрыщытам тепщlыхьмэ. Абы ипкъ иткlэ, Марие и бэныр нэхъ инщ, адрей пащтыхь щхьэгъусэу щытахэм яйм нэхърэ. Марие и къупщхьэ къагъуэтыжахэм мышьяк куэд зэрыхэлъар къахутащ, ауэ абы щхьэкlэ щыхьэт утехъуэфынукъым ар ягъэлlауэ жыхуаlэ Іуэху еплъыкlэм, мышьякыр хущхъуэ папщlэу зэманыжьым къагъэсэбэпу зэрыщытам къэхэкlыу, ар сымаджэ хъууэ ягъэхъужагъэнкlи хъунущ. Марие и щхьэ къупщхьэ хъума зэрымыхъуар, Грозный Иван и щхьэгъусэу щыта бзылъхугъиплlым я хьэдэхэр пластик кейсхэм далъхьэу, мывэ бэнхэм иралъхьэжауэ зэрыщытым дыщигъэгъуэзащ дыкъезышэкlа бзылъхугъэм.

(КІэухыр 3-нэ нап.).

Къалэнышхуэ зи пщэ къыдэхуэхэр

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек суд приставхэм я Федеральнэ къулыкъум и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и лэжьакlуэхэмрэ и ветеранхэмрэ ехъуэхъуащ я Іэщlагъэм епха махуэмкlэ.

Абыхэм зэрызахуигъазэм республикэм и Іэтащхьэм щыжеlэ:

- Суд приставхэм я къулыкъущlапlэр Урысейм щыlэщ илъэси 160-м щlигъуауэ, ар къыгуэхыпlэ имыlэу епхащ къэралым и хабзэхъумэ Іэнатlэм. Суд приставхэрщ суд унафэхэр ягъэзэщlэныр сыт щыгъуи къызэзыгъэпэщыр. Цlыхухэмрэ къэралымрэ я сэбэп зыхэлъхэр щахъумэкlэ, шэч хэмылъу, ахэращ къалэн нэхъыщхьэ дыдэр зи пщэ къыдэхуэр.

Суд приставхэм я къулыкъум нобэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуещl къэрал хабзэм тетыным, зэпlэзэрытыныгъэр хъумэным, Урысейм а Іэнатlэр нэхъри щегъэфlэкlуэным. Абы къулыкъу щызыщlэхэм я лэжьыгъэм къызэщlеубыдэ къэралымрэ жылагъуэмрэ я гъащlэм и лъэныкъуэ куэд, дэтхэнэ зыми и щlэныгъэр, и Іэзагъэр, и къарур къыщигъэсэбэпын хуейуэ.

Суд приставхэм я Федеральнэ къулыкъум и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и лэжьакlуэ псоми фlыщlэ яхузощl я Іэщlагъэм зэрыхуэlэзэм, я къалэнхэр гъэзэщlэным зэрегугъум папщlэ. Псори фыузыншэну, зэlузэпэщу фыпсэуну, ехъулlэныгъэхэр фиlэну, ди Хэкум ифl зыхэлъ Іуэхухэр къывэхъулlэну си гуапэщ.

Шэрий Иналбэч дуней псом и чемпионщ



Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакlуэ, Тэрч щlыналъэм хыхьэ Дей къуажэм щыщ Шэрий Иналбэч апхуэдэ ехъулlэныгъэ щызригъэгъуэтащ Къэзахъстаным и къалащхьэ Астана бэнэкlэ хуитымкlэ мы махуэхэм щекlуэкlа дунейпсо зэхьэзэхуэм.

ЩlАЛЭМ и ехъулlэныгъэшхуэр гулъытэншэу къигъэнакъым КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек икlи МАХ каналым щlэ и напэкlуэцlым щитхащ:

«Ныбжьэгъухэ, хъыбарыфl дыдэ щыlэщ!

Ди лъахэгъу Шэрий Иналбэч бэнэкlэ хуитымкlэ дуней псом и чемпион хъущ.

Тхьэмахуэнейкlэ дунейпсо чемпионатыр Астана къалэм щекlуэкlащ икlи абы щызэхуэсащ бэнакlуэ нэхъ лъэщ дыдэхэр.

Килограмм 74-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ гупым яхэтащ ди атлетыр. Финалым абы къыщыпэщlэтащ Къэзахъстаным и бэнакlуэ Кайпанов Нуркожа.

Сигуми, си псэми къабгъэдэкlыу сохъуэхъу Иналбэчи, и тренерхэми, абы къыдэщlахэми, дунейпсо утыкум щиla ехъулlэныгъэмкlэ.

Догушхуэ Иналбэчкlи, абы и текlуэныгъэшхуэмкlи!»

Ди щlалэм и зэlущlэхэр зэрекlуэкlам кlэщlу дытепсэлъыхьынщи, апхуэдэ утыкушхуэм иту дыщэ медаль къыщихьын папщlэ япэщlыкlэ, къызэрыхах зэпеуэм ар щыхуэзащ Армением и бэнакlуэ Арутунян Нарек икlи 10:0-у ар къыфlихьащ. Адэкlэ, финалым и 16-нэ Іыхьэм абы къыщыпэщlэтащ Польшэм икla Рыбицкий Камил икlи а бжыгъэ дыдэмкlэ ари хигъэщlащ.

Зэхьэзэхуэм и 8-нэ Іыхьэм Шэрийм зы Іэмал закъуэ иритакъым США-м и спортсмен Грин Джеймси. Адрейхэм хуэдэ дыдэуи, зэlущlэм и бжыгъэр 10:0-у абыи текlуащ. Зэпеуэм и Іыхьэ плlанэм Ираным и бэнакlуэ Яздани Амирмухьэмэди хулъэкlакъым ди щlалэр жакъым: къэувыlэри щытащ, зэlущlэм хуэхаха зэманыр и кlэм нэсыху.

Шэрий Иналбэч япэу дуней псом и чемпион хъуащ мы гъэм. Килограмм 74-рэ зи хьэлъагъхэм я деж къэралым щыпэрытщ.

2024 гъэм Албанием и къалащхьэ Тиранэ щекlуэкlа дунейпсо чемпионатым Иналбэч ещанэ увыпlэр къыщихьауэ щытащ, ауэ абы щыгъуэ ар щыбэнар килограмм 70 зи хьэлъагъхэм я дежщ.

Щlалэм и тренерхэр Моргиев Анатолэ, Урыш Анзор, Хьэщlэмахуэ Анзор сымэщ.

Иджы екlуэкlа чемпионатым щызэпеуащ къэрали 100-м щlигъум я спортсмену, щlалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 1000-м щlигъу.

Шэрий Иналбэч дохъуэхъу и зэфlэкlым адэкlи хигъэхъуэну, 2028 гъэм США-м щекlуэкlыну Олимп джэгухэм я лъагапlэ нэхъ ин дыдэм дэкlуеину, и текlуэныгъэ дахэмкlэ куэдрэ дигъэгуфlэну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу, КъБР-м и Парламентым щедэlуащ «КъБР-м дыкъэзыухъуреихь дунейр щыхъумэным и Іуэхукlэ» республикэ Законыр зэрагъэзащlэм.

ЗЭIУЩIЭР къыщыхъэlуихым, щlыналъэм и хабзэубзыху Іуэхущlапlэм и Унафэщl Егоровэ Татьянэ жиlащ къыхалъхьа Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриlэр: «Урысей Федерацэм и Президентым мызэ-мытlэу къыхигъэщащ щlыуэпс зэlузэпэщыныгъэр лъэпкъ шынагъуэншагъэмрэ жылагъуэ зэпlэзэрытыныгъэмрэ къыгуэхыпlэ зимыlэ я Іыхьэу зэрыщытыр. Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным къэралми жылагъуэми я къарур щызэщlагъэувыlуэн хуейщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ абы и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ ехьэлlа Іуэхухэр зэфlагъэкl федеральнэ, республикэ хабзэхэмрэ мардэхэмрэ тету, УФ-м и Президентымрэ Правительствэмрэ пщэрылъ къытщащlахэр и лъабжьэу. Псалъэм папщlэ, «Щlыуэпс зэlузэпэщ» къэрал программэр ягъэзащlэ. Хабзэ зэрыхъуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр мэкъумэш-турист щlыналъэу къалъытэ. Промышленнэ Іуэхущlапlэ инхэмрэ кlэрыхубжьэрыхухэм епха гугъуехьхэмрэ зэрыщымыlэм и фlыгъэкlэ республикэм щlыуэпсыр хъума щохъу. Ауэ абы къыдэкlуэуи зэфlэхын хуей гугъуехьхэр щыlэщ. Ар, псом япэрауэ, псыхэр зэрауфlейрщ, псыр зэрагъэкъабзэ ухуэныгъэхэм я щытыкlэрщ. Гугъуехь зыпыщlащ жылагъуэм и кlэрыхубжьэрыхухэр гъэкlуэдыныр. Абы епхауэ мыхьэнэшхуэ иlэщ мы гугъуехьхэр зэфlэхыным жылагъуэ псор тклийуэ елэжьыным, Іуэху бгъэдыхьэкlэщlэхэр къагъуэтыным. Сызэреплъымкlэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр къэкlуэну щlэблэхэм апхуэдэу фlэкla яхуэтхъумэфынукъым», - къыхигъэщащ Егоровэм.

Щlыуэпсыр хъумэнымкlэ ди щlыналъэр пашэщ



КъБР-м щlыуэпс хъугъуэфlыгъуэхэмрэ экологиемкlэ и министр Шаваев Ильяс республикэм и ехъулlэныгъэхэр къыщигъэлъагъуэм, къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр иджы япэу Урысейм и щlыналъэхэм я Лъэпкъ экологие рейтингым пашэ зэрыщыхъуар. Абы зэрыжиlамкlэ, къэралым япэ увыпlэр къихьыфащ республикэ унафэщlхэмрэ хабзэубзыхухэмрэ зэгурыlуэу зэрызэдэлажьэм и фlыгъэкlэ.

Министерствэм егъэзащlэ «Мэзхэр хъумэн», «Урысейм ипсхэр», «Дегугъуу зэлъыlудох» щlыналъэ Іуэхухэр. А лэжьыгъэхэр хохьэ «Щlыуэпс зэlузэпэщ» лъэпкъ проектым. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкlэ, 2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр урысейпсо рейтингым зэуэ увыпlиблкlэ щыдэкlуеящ, къэралым мы Іуэхухэмкlэ нэхъ жыджэр щlыналъэхэм я деж ещанэ увыпlэр щиубыдащ. Республикэм щlыуэпсыр хъумэным ехьэлlа Іуэхугъуэ 400-м щlигъу щрагъэкlуэкlащ, цlыху мин 240-м щlигъу къызэщlрагъэубыдэу.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

ЩІыуэпсыр хъумэнымкІэ ди щІыналъэр пашэщ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Министрыр тепсэлъыхьащ «Дегугъуу зэлъыIудох» федеральнэ Iуэхум кърикIуахэми. ЩIыуэпсым зэран зэрыхуэхъур къалъытауэ, иджыпсту дэфтэрхэр ягъэхьэзыр Алътуд, Дей, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэхэм щыIэ кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэр (хабзэм къемызэгъыу) зэрагъэсеижыным теухуауэ. А Iуэхугъуэр траухуащ 2027 гъэм и япэ мазищым.

Шаваевыр къытеувыIащ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэпызыуд къэхъукъащIэхэм зэрыпэщIэтым, псом хуэмыдэу Тырныауз къалэм щыщыIэ щытыкIэм. 2025 гъэм абы къыщыхъуам и лъэужьхэр ягъэкIуэдыжын папщIэ, министерствэм Герхожан-Су псым лэжьыгъэшхуэхэр щызэфIигъэкIащ. ЯтIэпсыр къехынкIэ хъуну шынагъуэ зэрыщыIэм къыхэкIыу, ар зэраунэтI ухуэныгъэри псыжапIэри гъэкъэбзэным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я япэ Iыхьэр 2026 гъэм и етIуанэ мазищым зэфIагъэкIащ. Iуэхур пIалъэ кIыхькIэ зэпIэзэрыт ящIын папщIэ, Бахъсэн псым и жапIэр зыхуей хуэгъэзэным теухуа дэфтэрхэри ягъэхьэзыращ. А Iуэхугъуэмрэ Герхожан-Су псыр гъэкъэбзэным и етIуанэ Iыхьэмрэ мылъку хухэхыным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм УФ-м и Правительствэм зыхуигъэзащ ахъшэ къратыну.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, щIыналъэ мыхьэнэ иIэу хэхауэ яхъумэ щIыпIэу республикэм 28-рэ иIэщ, ар и нэIэм щIэтщ «КъБР-м и ООПТ» къэрал IуэхущIапIэм.

Мы зэманым щIыуэпсым и фэеплъ 15-мрэ заказникиплIымрэ я гъунапкъэхэр ягъэбелджылащ. Хъумэн хуейуэ ягъэуващ щIыуэпсым и фэеплъу иджыри 13. Шаваевым жиIащ щIым щекIуэкI гъащIэм и зэмылIэужьыгъуагъ псори хъумэнымкIэ КъБР-м и Тхылъ плъыжьыр зэрысэбэпыр. Мы зэманым йолэжь абы и къыдэкIыгъуэщIэм (2028 гъэм дунейм къытехьэнущ).

КъБР-м и Парламентым зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щхьэхуэу яхъумэ и щIыпIэ хэхахэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым. ЗэхъуэкIыныгъэщIэхэм япкъ иткIэ, щIыналъэм хуитыныгъэ иIэнущ зэран хъу къэкIыгъэхэр и чэзум къэхутэнымрэ гъэкIуэдынымрэ теухуауэ. 2030 гъэ пщIондэ министерствэм гулъытэ хэха хуищIынущ КъБР-м щыпсэухэр щIыуэпсыр зэрахъумэм хэгъэгъуэзэным. ЩIыуэпсымрэ мэзгъэфIэнхэмрэ я фIагъхэм цIыхухэр щыгъэгъуэзэнымкIэ лэжьыгъэфIщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щхьэхуэу яхъумэ и щIыпIэхэм ятеухуауэ» сурэт альбомыр къызэрыдагъэкIар.

- Сыт щыгъуи хуэдэу, ди къалэн нэхъыщхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыуэпсыр тхъумэнырщ, ди цIыхухэм я гъащIэр шынагъуэншэ, тынш тщIынырщ, - дыщIигъуащ министрым жиIам.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ хабзэм къемызэгъыу республикэм кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэр зэрыщыIэм, Герхожан-Су деж ятIэпсыр зрижэ хьэкхъуафэр гъэкъэбзэным, щIэгъэкъуэн блынхэр зэгъэпэщыжыным ехьэлIа Iуэхухэм, «КъБР-м дыкъэзыухъуреихь дунейр щыхъумэным и IуэхукIэ» КъБР-м и Законыр къэгъэсэбэпыным пыщIа гугъуехьхэм, мэз мафIэсхэр къэмыхъун щхьэкIэ щытыкIэр зэрырагъэфIэкIуэным, щIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр хабзэм къемызэгъыу къыщIэхыным пэщIэтыным, вулкан яжьэр къыщIэхынымкIэ лицензэхэр етыным, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш IуэхухэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур жиIащ псы къабзэкIэ цIыхухэр къызэгъэпэщыныр, кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэр гъэкIуэдыжыныр, цIыхухэм я псэукIэм и фIагъым хэхъуэныр щIыуэпсым зэгъусэу зэрелэжьым зэрелъытар. Абы зэрыжиIэмкIэ, министерствэм и къалэнхэр тэмэму егъэзащIэ, арщхьэкIэ Iуэхугъуэ зыбжанэ иджыри щыIэщ хабзэкIэ елэжьыпхъэу.

Зытепсэлъыхьам теухуауэ къыхалъхьа жэрдэмхэр къэлъытауэ, КъБР-м и Парламентым и Президиумым унафэ къищтащ жэуап зыхь IуэхущIапIэхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр къыщыгъэлъэгъуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

ЩIэблэм нэхъапэ щыIэкъым



Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм дэт IуэхущIапIэ гъэщIэгъуэнхэм ящыщщ Хэку зауэшхуэм и музейр. ЩIэгъэщIэгъуэныр блэкIа мыжыжьэм и тхыдэм ехьэлIа хьэпшыпхэмрэ дэфтэрхэмрэ зэригъэлъагъуэм и закъуэкъым, атIэ и гъэлъэгъуэныгъэхэр зэпымычу щIэщыгъуэ зэрищIырщ, къекIуалIэхэм я пащхьэ иралъхьэ Iуэхугъуэхэр нэрылъагъу зэращI сурэтхэмрэ дэфтэрхэмрэ къазэрыхигъахъуэрщ, зауэлIхэм я зауэ гъащIэр зэфIэгъэувэжыным гуащIафIэу зэрыхэтырщ. Абы щIэхщIэхыурэ щрагъэкIуэкI зэIущIэхэм къапызыщэт иджыблагъэ къыщызэрагъэпэща зэхуэсыр, ауэ Iэджэ щIэщыгъуи хэлът.

«АДЫГЭ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм зэращIэщи, Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ зэщIэузэда къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ зэгухьэныгъэмрэ ЕгъэджэныгъэмкIэ къалэ IуэхущIапIэмрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ къызэIуаха музейм щIэхщIэхыурэ къыщызэрагъэпэщ Iуэхугъуэхэр траухуэ щалъхуа лъахэм хуэпэж, тхыдэ фэеплъхэм хуэщыпкъэ, псэкупсэ гупсысэкIэ зиIэ щIалэгъуалэ къэгъэтэджыным.

Хэку зауэшхуэм и тхыдэм лIыгъэрэ хахуагъэкIэ къыщыхэщ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и цIэр зезыхьэ лъахэхутэ гупым и хэщIапIэм хэт музейм и къалэнхэм хохьэ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа зауэм и пэжыр щIэблэм яIэщIэмыхун папщIэ, узэщIакIуэ-щIэныгъэ Iуэхугъуэхэр зэхэшэныр, зекIуэхэр къызэгъэпэщыныр, тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэмрэ гъунэгъу щIыналъэхэмрэ зыплъыхьакIуэ шэныр. Апхуэдэу музейм иригъэкIуэкI щIэнIуатэхэм иджы ирихьэлIащ Налшык къалэм дэт, Къудащ Елбэздыкъуэ и цIэр зезыхьэ 14-нэ гимназием и гъэсэнхэр.

«Дэтхэнэ адэ-анэри хуейщ и быным цIыху нэс къыхэкIыныр. ЕджапIэм и пщэ къыдохуэ ахэр зыщыгугъ Iуэхугъуэхэр нэсу зэфIигъэкIыныр. Сабийм щIэныгъэ иIэнир иухуэну псэуныгъэм епхами, цIыхугъэ хэмылъу, гулъытэ имыIэу, къыфIэIуэху щымыIэу къэтэджмэ, еджапIэм ирита есэныгъэхэр къанэ щымыIэу пщIэншэу къыщIедзыж. ЕджапIэри, адэ-анэхэри, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри зэуIуу щызэдэлэжьэн хуей лъэхъэнэщ дызыхэпсэукIыр. Абы и IуэхукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ къытщIэхъуэ щIэблэм я зэхэщIыкIыр къэIэтыным, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ нэхъыщхьэ зэрыщымыIэр къагурыгъэIуэным. Сабийм зыхищIэри къищтэри илъагъуращ. Пэжщ, жыIэпхъэхэр мымащIэу щыIэщ. Ауэ псалъэр щIэзыгъэбыдэж щапхъэхэр хэмыту гъэсэныгъэр нэсу пхузэтеублэнукъым. Дэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэм теухуауэ упсалъэмэ, блэкIа зауэм къарикIуахэр иджырей щIэблэм я зэхэщIыкIыр лъагэу къэзыIэт дерсу къыдолъытэ. ЦIыхугъэрэ псэкупсэ зэхэщIэрэ зиIэ щIэблэ къэгъэтэджыныр къалэн зыщытщIыжащи, Хэку зауэшхуэм и дерсхэм иригъуэзэныр Iэмал зимыIэ Iуэхуу къыдолъытэ. Ди лэжьыгъэр зэрыдунэтIри аращ - блэкIам и напэкIуэцI хьэлъэ дыдэхэм къытрамыгъэзэжын щхьэкIэ, хэгъэгупсэрэ гупсысакIуэу гъэсэнырщ. Къалэн зыщытщIыжа Iуэхугъуэхэр зэкIэ къыдэхъулIэу къысщохъу», - жиIащ музейм и унафэщI Заруцкий Олег.

Музейм и бжэр тхьэмахуэм зэ, бэрэжьей махуэм, зэIухауэ щытынущ. «Илъэсым и кIэ пщIондэ цIыху 210 - 250-рэ хуэдиз къызэщIэзыубыдэу гуп зыбжанэ къытхуеблэгъэну дапоплъэ. 2026 - 2027 гъэ еджэгъуэм къриубыдэу ди мурадщ цIыху мини 2-м нэблагъэм дадэлэжьэну. Ахэр еджапIэ 36-м къикIынущ. Дызыдэлэжьэнури Налшык къалэм дэт курыт еджапIэхэм я закъуэкъым, дэ дапыщIащ щIыналъэхэми. ДяпэкIэ къуажэ сабийхэри къызэретшэлIэным иужь дитынущ. Ди гугъэщ ди лэжьыгъэр сабийхэм гунэс ящыхъун папщIэ, къыхэтлъхьэ псалъэмакъхэр щапхъэхэмрэ нэрылъагъу хьэпшыпхэмкIэ щIэдгъэбыдэжыну, нэгузыужь икIи гукъинэж хъу джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зыплъыхьакIуэр дгъэнщIыну», - жеIэ Заруцкэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ зэщIэузэда къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ зэгухьэныгъэм псэкупсэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI. Къызэрыунэхурэ Iуэхугъуи 123-м нэс къызэригъэпэщащ, ныбжьыщIэ 25245-м ялъэIэсащ. «ДяпэкIи мурадышхуэхэр диIэщ, дгъэлъэгъуэни, жытIэни, дызытепсэлъыхьыни ди мащIэкъым. Дэ тхыдэшхуэ диIэщ, ар щIэблэм едмыгъащIэмэ, къыхэтлъхьэ жэрдэмхэм пщIэ яIэкъым», - жаIэ музей лэжьакIуэхэм.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.



Адыгэбзэм и хъугъуэфIыгъуэщ

● Щэнхабзэ

Адыгэ IуэрыIуатэр гъэщIэгъуэн ещI абы лъэпкъым и дуней тетыкIэр, и зэхэщIыкIыр, и гупсысэкIэр наIуэу къызэрыхэщым, лъэныкъуэкIэ къаплъэм хуэдэу, дэтхэнэ зыри зэплъыжыну Iэмал къызэритым. Абы цIыхубэм я хъуэпсапIэ-гуращэхэр, цы IэшкIэу, къызэрызэтришым, екIуу илъагъур икIи дахагъэу къилъытэр къызэрызэкIуэцIихым хуэдэу, щыщIэныгъэхэри игъэпщкIуркъым: емыкIур утыку кърелъхьэ, адыгагъэм и пщалъэм имызагъэ цIыху щыкIэхэри ауан ещI. ЖыпIэнуращи, цIыхур гъащIэм зыщрихьэлIэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэми жыIэкIэрэ бгъэдыхьэкIэрэ къыхуигъуэткIэрэ нобэм къэса хъугъуэфIыгъуэщ IуэрыIуатэр. Ар акъыл ущие къигъэхъуапIэу, гъэсэпэтхыдэ къэгъэщIыпIэу зэрыщытым къыхэкIыу, дунейм къытехьэ дэтхэнэ зэужьми зезыгъэужьыр щIэныгъэм и закъуэкъым, атIэ абы лъагэу къеIэт лъэпкъ щIэжымрэ зэхэщIыкIымрэ. Апхуэдэ къару хэлъщ иджыблагъэ Мейкъуапэ къыщыдэкIа, «ХьэщIэщ хъыбархэр» фIэщыгъэр зиIэ IуэрыIуатэ зэужьым.

НАРТ тхыдэжьхэмрэ пшыналъэхэмрэ, хъыбарыжьхэмрэ таурыхъхэмрэ, къебжэкIхэмрэ усэрыбжэхэмрэ, нэгъуэщIхэри цIыхубэм къигъэщIа пэтми, ящыщ куэдыр къэIуэтэжакIуэ щхьэхуэхэм гуэх имыIэу епхащ. Псысэ Iэзэхэр мащIэтэкъым, хъыбарыжь зыIуатэхэри куэду къахэкIырт, нарт тхыдэжьхэр гукIэ къезыхьэкIхэм уэру уарихьэлIэрт. Ауэ сыт хуэдэ IуэрыIуатэри зэхуэдэу къызыпкърыпхыфыну нэхъыжьыфIхэм зээмызэт уащрихьэлIэр. Апхуэдэ закъуэтIакъуэхэм я адыгэбзэри шэрыуэт, я гупсысэкIэри нахуэт, я къэIуэтэжыкIэри шэщIат. IуэрыIуатэщыпэм дзыхь зыхуригъэщI кIудеймэ, къэIуэтэжакIуэм лIэужькIэрэ кърахьэкIа IуэрыIуатэжьхэр, адыгэм и жыIэкIэу жыпIэмэ, Псыжь хуэдэу зэрехьэхыу къиутIыпщынут.

Адыгэ IуэрыIуатэм и дыхьэпIэ-дэкIыпIэхэм фIы дыдэу щыгъуазэу щыта Нало Заур куэдрэ жиIэрт: «IуэрыIуатэ къэплъыхъуэмэ, КIахэмкIэ зыгъазэ, Хабзэ ущIэупщIэмэ, Щхьагъымкэ къеплъэкI». КIахэ жыхуиIэр иджырей Адыгэ Республикэмрэ Шапсыгъымрэт, Щхьагъыр - Къэбэрдейрат. Пэж дыдэуи, КIахэм пасэрей IуэрыIуатэхэм я лIэужьыгъуэ псори хьэлэмэту къыщызэтенащ. КъэIуэтэжакIуэ бэлыхьхэм ящыщщ Пщыбокъуэ Ержыб, ХьэмтIэхъу Iэюб, Щхьэлахъуэ Алий, Нэгъуч Сэпшахь, Хьэпае Мухьэмэд, Хьэгъур Щауэхужь, КIуайхэ Зэхуэсрэ Исмэхьилрэ, нэгъуэщIхэри. Мыбыхэм я фIыгъэщ ди адэжьхэм къащIэна IуэрыIуатэр мыкIуэдыжу къызэрызэтенар, ар щIэныгъэ гъуэмылэ зэрыхъуар. Мы зи цIэ къитIуахэм ящыщу адыгэ дунейм фIыуэ къыщацIыхуат КIуай зэшхэр. Зэрахьэ цIыхугъэм укъыдихьэхырт, къаIуэтэж хъыбархэм яхэлъ дахагъэ псори езыхэм я деж щыплъагъурт, сыт и лъэныкъуэкIэ къуажэдэсхэми, жылэм къыдыхьэхэми, Хэкум къихьэхэми гукъинэж ящыхъурт, щысэтехыпIэ яхуэхъурт. НэхъыжьитIыми я адыгэбзэр абазэхэ псэлъэкIэм тещIыхьар, апхуэдизкIэ къабзэти, уэрэду фIэкIа уедаIуэртэкъым. Ахэр ягъэуэршэрыну, ящIэр къыпахыну хэт абыхэм я деж мыкIуар? КIэрашэ Тембот и цIэр зэрихьэу Мейкъуапэ дэт гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и Iэрытх архивым нобэми щахъумэ абыхэм къаIуэтэжу ятхыжа тхылъымпIэ напэ минхэр, я макъыр зытеша плёнкэжьхэр. Ар къэгъэнауэ, КIуай зэшхэм я IуэрыIуатэхэр щахъумэ, Къэбэрдей-Балъкъэр икIи Къэрэшей-Шэрджэс щIэныгъэхутэ институтхэм. КъардэнгъущI Зырамыку, Албэч Iэуес, Чэрим Мухьэз, Аулъэ Сариет, Мамрэш Ким сымэ ятхыжа IуэрыIуатэхэр мащIэкъым.

КIуайхэ Зэхуэсрэ Исмэхьилрэ апхуэдизкIэ щIэинышхуэ къагъэнащи, абыхэм щIэнIуатэхэр иращIэкI, Iэнэ хъурейхэр тращIыхь, щIэныгъэ лэжьыгъэхэр тратхыхь. Абыхэм къаIуэтэжахэм лъэпкъ хабзэхэмрэ дауэдапщэхэмрэ ящыщ куэдым я мыхьэнэр къызэпкърах, дызыщымыгъуазэ нэхъыбэж къытхузэIуах. Иджыри къэс текст зырызурэ фIэкIа ахэр дунейм къытехьэу щымытамэ, иджы Iэмал гъуэзэджэ къэхутакIуэхэм яIэ хъуащ а фIыгъуэхэр зэуIуу щIапщытыкIыну. Щхъуэмчыфэ дахэу узыIуплъэ, тхыпхъэщIыпхъэ хьэлэмэтхэр зытещIыхьа, КIуайхэ я лъэпкъ дамыгъэр зытет тхылъ фафIэшхуэм щымыгуфIыкIа куэд щыIэу къыщIэкIынукъым. ИпэжыпIэкIэ, къыдэкIыгъэм игъуэта фIэщыгъэм къигъэлъэгъуащ адыгэ гъащIэм хьэщIэщым щиIа мыхьэнэри, абыхэм къащIэIукIыу щыта макъыр лъэпкъым дежкIэ зэрыуасэншэри.

Тхылъыр зэхэзыгъэувари, пэублэ псалъэ хуэзытхари, текстхэм еIуэлIапхъэ хуэзыщIари филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Нэхей Саидэщ. Илъэс зыбжанэкIэ зи ужь ита лэжьыгъэшхуэм къызэщIиубыдащ КIуай зэшхэм ящыщу Исмэхьил къиIуэтэжу ятхыжа IуэрыIуатэхэр. Пэублэ псалъэм деж Нэхейм мыпхуэдэу щетх: «КIуай Исмэхьил зэрыадыгэ лъэпкъыу я дыщэ щIэинщ, жыпIэмэ щыуагъэ хъунукъым. Абы деж щатхыжа текстхэр зэрыщыту абазэхэбзэщи, дэри демыIусэу къызэтеднэнир игъуэу къэтлъытащ. Япэрауэ, адыгэбзэм и тхыдэмрэ и къекIуэкIыкIамрэ къэзыхутэхэм я дежкIэ диалекткIэ дызэджэ щIыпIэ псэлъэкIэхэр джыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, абазэхэ диалектым бзэм и щэху куэд къызэкъуихыфынущ. ЕтIуанэрауэ, псэлъэкIэр кIуэдыжхэм ящыщщ, кIэмыргуейбзэм хошэпсыхьыж. Текстхэм я фIыгъэкIэ диалектыр хъума мэхъу». Арыхэуи, дунейм къытехьа зэужьым адыгэбзэм и зы ныбз къеIэт, бзэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIегъэувэж».

КIуай Исмэхьил цIыхухэм ягу къызэринэжар къэIуэтэжакIуэ къудейуэкъым. Ар гурыгъуазэ ин зиIэ, гущIэгъушхуэ зыхэлъ, нэхъыжьхэмкIи нэхъыщIэхэмкIи гулъытэ зыбгъэдэлъ цIыху гъэщIэгъуэнт. ЗыхуэмыIэижь щымыIауэ аращ ар зыцIыхуу щытахэм жаIэр. Хуэдэ щымыIэу, къыщымыкIи уигъэлъыхъуэну жыг хадэ бэлыхь иIащ. Абы и жыг къуэжхэр апхуэдизкIэ лъэщ защIэти, зыIэрыхьауэ хадэ зыхуэмыбэгъуэжа щыIэкъым. Исмэхьил гушыIэу жиIэрт: «Абазэхэ хэкужьым, Тубэ кIей, къина ди адэжьхэм я псэр зытехъуэхъуха мыбагъуэу къэнэн...». НэхъыжьыфIым игъэкI жыгхэр къанэ щымыIэу къуршым кърихат, щIыIэми щышынэртэкъым, хуабэри егуауэртэкъым. Жыг гъэкIыным къыдэкIуэу, Исмэхьил бжьэ гъэхъунми пылът. Игъэхъури бжьащхъуэкIэ зэджэ адыгэ лъэпкъыгъуэт. Абыхэм къахь фор маетэкъым икIи IэфIыншэтэкъым. Езы бжьэхэри хуэлъэу щыттэкъым - Iэсэт, щабэт икIи лэжьакIуэшхуэт. Исмэхьил зыпылъа Iуэхугъуэхэм иужь имыта куэд нэхъыжьхэм яхэтакъым, жаIэнщ. Ауэ ар къыщIэдгъэлъэгъуар аращи, жыг гъэкIынми, бжьэ гъэхъунми, ар зи IэщIагъэм къыдэхъун папщIэ, щIэныгъэ бгъэдэлъын хуейт. Мис ар Исмэхьил и Iуэтэжхэм хьэлэмэт дыдэу къыхощыж.

КIуай Исмэхьил XIX лIэщIыгъуэм и 1880 гъэхэм къалъхуащ. Адыгэхэм я щыIэныгъэм щыщу фIыщ е екIущ зыхужаIэ псори Исмэхьил гукIэ кърихьэкIырт, тепсэлъыхьыжыфырт, сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэ гъащIэм щемыкIуэкIми, ахэр узэрыпсэун фIыгъуэу зэрыщытыр гъэсэпэтхыдэ защIэкIэ къиIуэтэфырт. КIуайхэ я хьэщIэщым нэхъыжьхэм щызэIэпаха псалъэмакъ Iэджэ бжэ къуагъым къуэту абы зэхихат, гъэщIэгъуэнращи, къиIуэтэжахэм ятепщIыхьмэ, хэху имыIэуи езым и щIэблэхэм я дежи къиихьэсат. Зы псалъэри Исмэхьил дежкIэ лъапIэт, уасэ зимыIэт. Аращ ар жылэм къалъыхъуэ узэщIакIуэ щIэхъуар - зэхихамрэ илъэгъуамрэ гупсысэ куухэр къыхихыфырт, ар узэмыбэкъуэфын чэнджэщу цIыхухэми ябгъэдилъхьэжыфырт.

Пэублэ псалъэм деж Нэхей Саидэ щыжеIэ: «Псысэ ирехъу, хъыбарыжьу щрет - IуэрыIуатэ гуэр Исмэхьил щыжиIэжкIэ, зыгуэр IэщIэхуным е щыгъупщэным хуабжьу хуэсакъырт. АпхуэдизкIэ щIэж ин иIэти, зи гугъу ищIыр зэпэшэчауэ фIэкIа къиIуатэртэкъым, зыгуэр дэхумэ, ар пхэнжу къагурыIуэнкIэ сакъыу щытти. Адыгэ хъыбарыжьхэр щIыпIэцIэкIэ, унагъуэцIэкIэ, цIэкIэ гъэнщIащ. Ахэр щызэкIэлъигъакIуэм деж, е езыр а щIыпIэхэм щыIауэ, е а зи цIэ къриIуахэм псэлъэгъу яхуэхъуауэ къыпщыхьурт. Ахэр и пащхьэм къитым хуэдэут нарт тхыдэжьхэри, хъыбарыжьхэри, псысэхэри къызэриIуатэри, псэур къэгъэнауэ, хьэдэхэм я пащхьэм емыкIу къыщихьыным къызэрымыкIуэу щышынэрт. Апхуэдэу зэрысэкъарагъэнущ - КIуай Исмэхьил и текстхэм пщIэшхуэ яIэщ, лъэпкъ информацэ куэд хэухуэнащ».

IуэрыIуатэ щыхъукIэ, цIыхубэм зэдай щIэинщи, зы щIыпIэм щыптхам нэгъуэщIыпIэ ущрихьэлIэжыныр зыхуэIуа щыIэкъым. КIуай Исмэхьил и къэIуэтэжыкIэ нэщэнэхэм ящыщщ узыщыгъуэзэнкIэ хъуну IуэрыIуатэ лIэужьыгъуэр макъыщIэ иIэу къызэрыIум. Контекст пыухыкIам хэту узэса псалъэжьыр е жыIэгъуэр нэгъуэщI мыхьэнэ къыпкърыкIыу контекстыщIэм щегъэлажьэ. Абы и псысэхэм ещхь вариантыр гъуэтыгъуейщ. «Нартхэр» адыгэ лIыхъужь эпосым щыщ тхыдэжьхэмрэ пшыналъэхэмкIэ Исмэхьил къытекIуэн куэд щыIакъым. ЗэраIуэтэжымкIэ, пщыхьэщхьэ псом зы пшыналъэ гуэрым зригъэукъуэдийрти, и кIэм нэмысу къыкIэлъыкIуэ пщыхьэщхьэм щыпищэ къэхъурт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, адыгэбзэмрэ лъэпкъ щIэжымрэ къигъэщIа апхуэдэ жьабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр зы зэужьу лъэпкъым иIэныр зимыуасэ щыIэкъым.



Тхылъым ихуа IуэрыIуатэхэм я нэхъыбэр ятхыжащ ХьэдэгъэлIэ Аскэр, МэрэтыкъуэМухьтар, Бырсыр Батырбий, Хъуажь Мэхьмуд сымэ. Абыхэм я фIыгъэкIэ нобэ дыщэ гуэнкIэ узэджэ хъуну зэужьыр дунейм къытохьэ. Зы цIыхум и губзыгъагъэм къигъэщIыжа хъугъуэфIыгъуэхэр адыгэхэм къахохьэж, тхыбзэм илъу дунейм къытохьэж.

Псори зэгъусэу тхылъыр напэкIуэцI 220-м щIегъу. Абы къыщыхьа IуэрыIуатэхэмкIэ адыгэ хьэщIэщ щэнхабзэр зэрызэфIэбгъэувэжыфынум зы шэч хэлъкъым. Зэманышхуэ зыхьа, лэжьыгъэшхуэ зэщIэкIа хъуа лэжьыгъэм адыгэм и лъабжьэр къитIэщIыж мыхъуу, щIэныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуатэ гуащIэдэкIыу къэплъытэ хъунущ. Адыгэбзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр къызэрызыгъэкI тхылъыр гъащIэ кIыхь хъуну, и дуней къытехьэри махуэ хъуну ди гуапэу дохъуэхъу.

ТАБЫЩ Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.

Сабий етхуанэмрэ къыкIэлъыкIуэхэмрэ папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унагъуэшхуэхэм ящыщу сабий етхуанэр е къыкIэлъыкIуэр къызыхэхъуэхэм щIыналъэм и анэ капиталыр е я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ зэ тыгъуэу ят ахъшэр къыIахыну Iэмал абыхэм яIэщ.

АХЪШЭМ и куэдагъыр зэлъытар сабийр къыщалъхуа махуэмрэ илъэсымрэщ. Псалъэм папщIэ, 2024 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ дунейм къытехьа цIыкIухэм щхьэкIэ сом мин 500, 2008 - 2023 гъэм къалъхуахэм - сом мин 250-рэ ират.

Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ а къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр иратащ унагъуэшхуэу 199-м, абыхэм ящыщу 115-м зэ тыгъуэу ят ахъшэу псори зэхэту сом мелуан 51,7-рэ хуаутIыпщащ. АбыкIэ абыхэм псэупIэ къащэху, е щыIэр ирагъэфIакIуэ, е псэупIэ кредитымрэ ипотекэмрэ пагъакIуэ хъунущ.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

Дунейм щыхъыбархэр

Унагъуэхэм зыщIагъакъуэ

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ «Унагъуэ» лъэпкъ проектыр зэрагъэзащIэм теухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.

АБЫ наIуэ зэрыщащIамкIэ, «Унагъуэм зыщIэгъэкъуэн» проектымкIэ 2026 гъэм и япэ мазибгъум анэ мылъкур къагъэсэбэпащ унагъуэ мелуан 1,6-м. «Унагъуэ ипотекэ» пэхуэщIэм ипкъ иткIэ мин 325-м псэупIэ зэрагъэпэщащ. «Бынунагъуэшхуэ» проектри жыджэру мэлажьэ. Абы хыхьэу цIыху мини 168-м зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр яIэрыхьащ. ЩIыналъэ 41-м сабий къалъхухэм я бжыгъэм хэгъэхъуэн программэр щолажьэ. Мы илъэсым абы унагъуэ 225-рэ хэтщ, ар нэгъабэ нэхърэ хуэдитIкIэ нэхъыбэщ.

«Унагъуэ лъапIэныгъэхэмрэ щэнхабзэ ухуэныгъэхэмрэ» пэхуэщIэри хъарзынэу ягъэзащIэ. ЩIыналъэ зэхуэмыдэхэм щыIэ музейуэ 132-рэ, гъуазджэмкIэ сабий еджапIэу 115-рэ, библиотекэу 20, щэнхабзэмкIэ унэу 26-рэ къагъэщIэрэщIэжащ 2026 гъэм. Мы илъэсым и кIэ пщIондэ щэнхабзэ IуэхущIапIэу мин 1,4-рэ зыхуей хуагъэзэжыну, зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмкIэ къызэрагъэпэщыну я мурадщ.

Мэкъумэш лэжьакIуэхэм хухах

УФ-м и Правительствэр дэIэпыкъуэгъу яхуэхъунущ щIэныгъэ-технологие проект зэхэтхэм зи мылъку хэзылъхьэ мэкъумэш лэжьакIуэхэм. А Iуэхум трагъэкIуэда ахъшэм щыщ Iыхьэ иратыжынущ. Иджыпсту апхуэдэ пэхуэщIэу 50-м щIигъу ягъэзащIэ.

«IЭНАТIЭР зыхущыщIэм тещIыхьауэ мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьынымкIэ къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Иджы къэрал дэIэпыкъуныгъэр хухахынущ фIагъ лъагэ зиIэ жылэхэр куэду гъэбэгъуэным елэжьхэм я мызакъуэу, къэралым къыщыщIагъэкI къэкIыгъэ лIэужьыгъуэщIэхэр къэзыщэху, ахэр къэзыгъэкI мэкъумэш IэнатIэхэм. ЕтIанэгъэ къэрал бюджетым къыхэкIыу а Iуэхур зэфIэгъэкIыным сом меларди 4-м нэблагъэ хухахынущ», - жиIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

Премьер-министрым къыхигъэщащ мэкъумэш лэжьакIуэхэм гъавэ бэв къехъулIэнымкIэ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр икъукIэ щхьэпэ зэрахуэхъунур.

ЩэкIуэгъуэм и 3, гъубж

♦Щэхур хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦1562 гъэм Къэбэрдейм и пщы уэлий Идар Темрыкъуэ и щIалэ Думэныкъуэ и гъусэу Астрахань хъаным и деж кIуащ.

♦1931 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кърататащ ВЦИК-м и щIыхь тхылъыр.

♦1949 гъэм къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ, КъШР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шыд Юрэ**.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 4, *бэрэжьей*

♦Урысейм щагъэлъапIэ ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр

♦1742 гъэм Черкасский Алексей (адыгэпщ) дунейм ехыжащ.

♦1942 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Думэн Хьэсэн**.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

<u>Къытхэхъуащ</u>

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 13. Абыхэм ящыщу 9-р хъыджэбз цIыкIущ, 4-р щIалэщ.

ЩэкIуэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 32-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 7263-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЛIыхъужь и лъэужь кIуэдыркъым.

● Оперативнэ штабым къет

Сакъыну къыхураджэ

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ йохъуэхъу дызыпежьэ махуэшхуэмкIэ - ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэмкIэ - икIи къыхуреджэ сакъыну, терроризмэм зыщыхъумэнымкIэ хабзэхэр ягъэзэщIэну:

- щытыкIэ къызэрымыкIуэхэр, дыкъэзыухъуреихьхэм я дежкIэ шынагъуэ къэзышэнкIэ хъунухэр къэвмыгъэхъу;
- автотранспортыр абы хухэха щIыпIэхэм деж щывгъэув;
- хьэпшыпхэм, автомашинэхэм шэч яхуэфщIамэ, апхуэдэуи теракт ирагъэкIуэкIыну мурад зэраIэм, къагъауэ Iэмэпсымэхэр, пкъыгъуэхэр цIыхухэм зэраIыгъым фыщыгъуазэмэ, щIэпхъаджагъэ лэжьыным пыщIахэм ятеухуа хъыбар гуэр къыфIэрыхьэмэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ экстреннэ къулыкъущIапIэхэмрэ икIэщIыпIэкIэ хъыбар евгъащIэ;
- хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ цIыху куэд щызэхуэс Iуэхухэр щекIуэкIкIэ хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ жэуап зыхьхэмрэ къагъэувхэр вгъэзащIэ.

Дэтхэнэ зы хъыбарри нэсу къапщытэнущ, къаIэрыхьа псоми ятеухуа Iуэхухэр зэфIагъэкIынущ, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын папщIэ.

Шэч зыхуащIхэм ятеухуа хъыбарыр КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым къезыгъэщIахэм я цIэ кърaIуэнукъым, апхуэдэуи республикэм щыпсэухэм фIыщIэ хуащI зэрызэхащIыкIым папщIэ.

«Линэ пщтыр» телефонхэр:
- Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);
- КъБР-м щыIэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысейм и Слественнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм: 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм: 39-99-99 (плъыр часть).

Утыку къранэркъым

2026 гъэм зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэращIылIащ социальнэ зэгурыIуэныгъэу 669-рэ - а Iуэхугъуэхэм хухахащ сом мелуан 90,6-рэ. Зэ тыгъуэу ят ахъшэр сом мин 22-м къыщыщIэдзауэ мин 350-м ныззэрохьэс икIи абы и куэдагъыр зэлъытар ар къызэрагъэсэбэпыну щIыкIэу къагъэлъэгъуамрэ лъэIуар зыхуэныкъуэмрэщ.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, социальнэ зэгурыIуэныгъэр зращIылIэ хабзэр цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину республикэм щагъэувам нэс къэзымыхь унагъуэхэмрэ цIыху щхьэзакъуэхэмрэщ. А лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI «Унагъуэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ икIи зыхуэгъэпсар хуэмыщIахэм я бжыгъэр гъэмэщIэнымрэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэщ.

ЩIэупщIэ нэхъыбэ зиIэ унэтIыныгъэхэм хохьэ IэнатIэ къэгъуэтынымрэ унеи IуэхущIапIэхэр къызэгъэпэщынымрэ. Псалъэм къыдэкIуэу, къапщытэж пIалъэм кърикIуахэм ипкъ иткIэ ... 278-м къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр ирагъэгъуэтащ икIи абы и фIыгъэкIэ унеи IуэхущIапIэхэр, хэхъуэ къэзыт IэнатIэхэр къызэрагъэпэщащ.

СЫЖАЖЭ Аскэр.

ПщIэрэ щIыхьрэ зэрылъ лъахэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Щыхьэрым щыхьэщIэхэр адэкIэ щыIащ Москва къалэм и Новоспасскэ ставропигиальнэ къулъшырыфым. Знаменскэ члисэм урыс лъэпкъ щэджащэхэм (Романовхэ, Шереметьевхэ, н.) къахэкIахэм нэмыщI, Черкасскэ пщыхэм я хьэдэхэр щыщIалъхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъум ирихьэлIэу, Черкасскэ лъэпкъым щыщхэм я фэеплъ пхъэбгъу къыщызэIуахауэ щытащ абы.

Ди къэралым и тхыдэм увыпIэшхуэ щаубыдащ Черкасскэхэм, ахэр щытащ урыс къэрал унафэщIхэм я дзыхь зрагъэз, я дарэгъу цIыхухэу. Члисэм фIэлъ фэеплъ пхъэбгъум тетхащ: «Мыбдеж, Новоспасскэ къулъшырыфым и Знаменскэ члисэм, щIэлъщ Черкасскэ пщыхэм я лIакъуэм щыщхэр. Черкасскэ пщыхэр (Темрыкъуэ, Къамболэт, Сэнджэлей, Бекович сымэ я щIэблэхэр) къызыхэкIар Къэбэрдейм щыщ шэрджэсхэрщ. 1561 гъэм къыщыщIэдзауэ абыхэм Къэрал УнафэщIым Москва къалащхьэм къулыкъу щыхуащIащ, пащтыхь Иван IV Темрыкъуэ ипхъу Марие щхьэгъусэ хуэхъуа нэужь. Хэкум и къуэ пэжхэм яхэтащ генералиссимусрэ канцлерышхуэрэ, губернаторхэмрэ дзэхэм я унафэщIхэмрэ, боярхэм я думэм пщIэ зыхуащIу хэта цIыху 12. Къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытурэ, Черкасскэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ Урысей къэралыгъуэр зэфIэувэным. А нэхъыжь щэджащэхэм я фэеплъу икIи Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я лъэпкъхэр зэрызэкъуэувэрэ илъэс 460-рэ щрикъу илъэсым и щIыхькIэ мы пхъэбгъур ягъэуващ абыхэм фIыщIэ яхуэзыщI я щIэблэм къабгъэдэкIыу. Я псэр здэкIуам Тхьэм щигъэтынщ».

КъБР-м и хэщIапIэу Москва щыIэм

Хамэ къэралхэм, Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм хиубыдэ хэгъэгухэм икIа адыгэхэр ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЛIыкIуэм и хэщIапIэу Москва щыIэм. Абы хьэщIэхэм къащыIущIащ КъБР-м, КъШР-м, АР-м я лIыкIуэу зэпымычу Москва щыIэхэу Быкъыш Ратмир, Дер Эдуард, Мыгу Беслъэн сымэ. Бысымхэм къызэрыджаIамкIэ, ди хэщIапIэр УФ-м и Президентым и Унафэкlэ 1992 гъэм къызэрагъэпэщащ. Морозов Сергей и уардэунэр КъБР-м хухахри, и уней мылъкуу къратащ. Илъэс 30-м щIигъуауэ мэлажьэ. Унэ зыбжанэ дэтщи, зым хьэщIэхэр щрагъэблагъэ, сэмэгурабгъумкIэ щытыр КъБР-м и Iэтащхьэм и резиденцэщ, Москва кIуа неужь, зэIущIэхэр щригъэкIуэкIыу.

Представительствэм щызэхэта зэхуэсыр къыщызэIуихым ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий жиIащ ди лъэпкъым къыхэкIа лIы щэджащэ куэдым Москва ижь-ижьыж лъандэрэ лэжьыгъэ купщIафIэ щрагъэкIуэкIыу, лIыгъэ яхэлъу, пащтыхьхэм я дзыхь кърагъэзу зэрыщытар, иджыпстуи IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэм кIэщIэхэр зэрыщригъэкIуэкIыр.

Сэхъурокъуэ Хьэутий ДАХ-м и дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ Щ!ыхь тхылъымрэ хуигъэфэщащ Быкъыш Ратмир, апхуэдэу саугъэтхэмкIэ яхуэупсащ Дер Эдуардрэ Мыгу Беслъэнрэ.

МИД-м и Уардэунэм

ЕтIуанэ махуэм Хамэ къэрал Iэхэхэмкlэ министерствэм и Уардэунэм щекIуэкIащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ пщIэрэ щIыхьрэ пылъу къикIуа гъэгуанэм теуххуа стIол хъурей. Зэ-IущIэр иригъэкIуэкIащ Пасэрей актхэмкIэ Урысей къэрал архивым и унафэщI Аракчеев Владимир. Абы хэтащ УФ-м и Президентым Хамэ къэрал щэнхабзэ здэлэжьэныгъэхэмкIэ и лIыкIуэ хэха - Урысейм и МИД-м къалэн щхьэхуэхэмкIэ и посол Швыдкой Михаил, «Россотрудничество»-м и унафэщI Чайкэ Игорь, КъБР-м къыбгъэдэкIыу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым сенатору щыIэ, ЩIДАА-м и тхьэмадэ Къанокъуэ Арсен, сенатор, Федерацэмкlэ Советым Хъыбарегъащlэ политикэмрэ СМИ-м дэлэжьэнымкIэ и комиссэм и унафэщI Пушков Алексей, Къэрал Думэм и депутат Ковалев Сергей, УФ-м и Жылагъуэ палатэм Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ, дин зэхущытыкIэхэмкIэ, IэпхъуэшэпхъуэнымкIэ и комиссэм и тхьэмадэ Зорин Владимир, Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ федеральнэ агентствэм и унафэщIым и къуэдзэ Бедкин Станислав, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Кавказ Ищхъэрэм и муслъымэнхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу центру Москва щыIэм и лIыкIуэ нэхъыщхьэ, Дунейпсо ислъам миссием и унафэщI Пщыхьэщlэ Шафихь, Москва дэс адыгэхэм я нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ Агъырбэ Юрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэт, Щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ академием и щIэныгъэ секретарь, КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, хамэ къэралхэмрэ Урысейм и щIыналъэхэмрэ щыIэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэр, нэгъуэщIхэри.

Зэ!ущIэр къыщызэIуахым УФ-м хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ и министр Лавров Сергей стIол хъурейм хэтхэм зэрызахуигъазэм къеджащ Швыдкой Михаил. Абы щыжеIэ: «Урысейр лъэпкъ куэду зэхэт, дин зэмылIэужьыгъуэхэр щызэрахьэ къэралщ, цивилизацэ здэщыIэ, мамырыгъэр зэгурыIуэныгъэрэ игъащIэ лъандэрэ зэрылъ лъахэщ. А лъапIэныгъэхэр адэкIи тхъумэнущ, ди зэфIэкI уасэншэмкIэи хамэ къэрал лэжьэгъухэм дадэгущэну дыхьэзырщ.

Адыгэхэм я тхыдэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ ди къэралыгъуэм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм. Адыгэ лъэпкъым щыщ лIы щыпкъэ куэдым къэрал къулыкъущIапIэхэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм, дзэм епха IэнатIэхэм екIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Урысейм зегъэужьыным, егъэфIэкIуэным я гуащIэ ин халъхьащ, иджыри къыздэсым хуэлажьэ зэпытщ. Абыхэм я зэфIэкIхэм дрогушхуэ.

Псом хуэмыдэу нэщэнэфIщ мы зэIущIэр Урысейм и Президент Путин Владимир и Унафэкlэ ягъэува, Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым зэрекIуэкIыр. Хьэкъыу си фIэщ мэхъу нобэрей зэпсэлъэныгъэр купщIафIэу зэрыщытынур, дзыхьымрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным, жылагъуэ, цIыхубэ дипломатием и къарур адэкIи къызыкъуэкыным зэрыхуэлэжьэнур».

«Россотрудничество» агентствэм и унафэщI Чайкэ Игорь, адрей къулыкъущIэхэм стIол хъурейм хэтхэм фIэхъус псалъэкIэ зыхуагъэзащ. Къанокъуэ Арсен фIыщIэ яхуищIащ зэхуэсыр къызэзыгъэпэщахэу УФ-м и МИД-мрэ «Россотрудничество» агентствэмрэ. «Нобэрей Iуэхур ди нэхъыжьхэм я фэеплъэр зэрытхъумэм, я гуащIэрэ зэфIэкIрэ къэралышхуэм и зэфIэувэныгъэм зэрыхалъхьар зэрытщымыгъупщам, лъэпкъ къэс и къарур къэралышхуэм щызэдэпсэухэм я зэгурыIуэныгъэм зэрыхэлъыр къызэрыдгурыIуэм и щыхьэтщ. Нобэкlэ ди къалэныр блэкIам къэткIуа гъуэгуанэм дриплъэжыным и закъуэкъым, атIэ дэнэ щыпсэу адыгэри зэпыщIэныр къызэгъэпэщыныращ. Дэ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я деж нэтхьэсын хуейщ ди лъэпкъыр Урысейм зыхуей щыхуэзэу зэрыщыпсэур. Дэ къэкIуэнум дытолажьэ, къытщIэхъуэ щIэблэр догъасэ, щIэныгъэмрэ лъэпкъ хабзэмрэ зэрабгъэдэтлъхьэным иужь дитщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр хэхэс адыгэхэм щыхуейм деж Урысейм къагъэзэжыну Iэмал зэралэр къагурыгъэIуэнырщ», - жиIащ Къанокъуэм.

Сэхъурокъуэ Хьэутий и къэпсэлъэныгъэр триухуащ адыгэ лъэпкъымрэ Урысеймрэ лIэщIыгъуэкIэрэ зэпхауэ къызэрыгуэгурыкIуэм, пщIэрэ щIыхьрэ я зэхуаку дэлъу ноби зэрызэгъусэм. Идар Темрыкъуэ ипхъу Марие Грозный Иван щхьэгъусэу ишэу, абы и дэлъхухэм къулыкъушхуэхэр яIэу къэралыгъуэм зэрыхуэлэжьам дежкIэ къыщыщIэдзауэ Совет властым лъэпкъ цIыкIухэм папщIэ ищIахэр къыхэщу къэпсэлъащ тхьэмадэр.

- Адыгэхэр нобэ лъэпкъыбэу зэхэс Урысейм и зы Iыхьэщ, абы и зыужьныгъэм я къару емыблэжу хуэлажьэу, - жиIащ Сэхъурокъуэм. - Зэманым нэхъ быдэ дэхъуу къэгъуэгурыкIуэ а зэпыщIэныгъэр куэдым я щапхъэщ. Ар ноби Iэщ!ыб тщIы хъунукъым. Псом хуэмыдэу иджыпсту, тхыдэм и напэкIуэцIхэр зэрыхуейуэ зэрадзэкIыу утыку къыщрахьэ, ди лъэпкъ тхыдэм хэта Iуэхугъуэ гуузэкэ Iэщэу къагъэсэбэпу, ди лъэпкъэгъуэхэр щагъэщхьэрыуэ лъэхъэнэм. Блэкlам и дерсымрэ ди лъапIэныгъэхэр зэрытхъумэмрэщ сэбэп къытхуэхъунур. Абы къыхэкIыу, тхыдэм епха щIыпIэхэр къызэхэпIухьыным, блэкIа пэжым щыдолъагъу зауэ губгъуэм. Ди къарур зыхэлъыр дызэрызэмыщхьырщ, дызэмыщхьми, дызэрызэкъуэтырщ. Къэрал политикэм лъабжьэ хуэхъур щхьэж езым и хабзэр, щэнхабзэр, тхыдэр ихъумэжынырщ. Абы щыхьэт тохъуэ ди республикэхэм - КъБР, КъШР-м, АР-м - адыгэбзэм къэрал статус зэрыщаIэр.

Сэхъурокъуэм и гугъу ищIащ къэралым и лъабжьэр быдэ хъуным зэман жыжьэм хуэлэжьахэм къакIэлъыкIуэу, иджырей лъэхъэнэми лIы щэджащэ куэд щыхьэрым зэрыщылажьэм, сенаторхэр, депутатхэр зэрыдиIэм, политик лъэрызехьэу, КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ лъэпкъым, хэкум хуищIахэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Урысейм и лъэпкъхэм я ассамблеемрэ зэрызэдалэжьэм, нэгъуэщIхэми.

Дзэмыкъ Къасболэт зэпкърыхауэ къытеувыIащ адыгэхэм къакIуа тхыдэ гъуэгуанэм нэхъыщхьэу хэта Iуэхугъуэхэм. Щхьэгъэпсо Сэфарбий и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ къэрал 50-м щIигъум щикъухьа адыгэ лъэпкъыбм и Iуэху зэрихуэу ДАХ-мрэ ЩIДАА-мрэ фIэкIа нэгъуэщI зэгухьэныгъэ дунейпсо геополитикэ картэм зэримытыр. Щхьэгъэпсор къытеувыIащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и тхыдэ Iуэхугъуэ пыухыкIахэм, жылагъуэ академиехэр къызэрыунэхуам, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и къалэнхэм, 2040 гъэ пщIондэ ялэжьынухэм теухуа программэм, къыдагъэкI тхылъхэм, нэгъуэщIхэми.

Хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ министерствэм гупыж ищIу къыдиха Iуэхум нэгъуэщI хэкухэм щыпсэу адыгэхэм я деж кIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр, адыгэхэм я лъабжьэр хъыщежьэ Урысейм ягукIи я псэкIи къыхуэгъэзауэ зэрыщытыр, зэгурыIуэныгъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ нэхърэ ирагъэфIэкIуэнымкIэ хэхэс адыгэхэм ялъэкI къызэрамыгъэнэнур къыхэщу къэпсэлъащ Кавказ Хасэхэм я федерацэу Тыркум щыIэм и тхьэмадэ Хьэлауэ Юнал, Иорданиемрэ Сириемрэ щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэхэм я тхьэмадэхэу Къат Хьишамрэ Хьэлащтэ Ибрэхьимрэ, Европэ къэралхэм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Федерацэм и унафэщI Вэрокъуэ Затий, Израилым, Кфар-Камэ дэт, Адыгэ Щlэныгъэкlэ центрым и унафэщI Тхьэхуэхуэ Зухьер, ДАХ-м и тхьэмадэм и чэнджэщэгъу Мэшхуэфl Нэджэт сымэ, нэгъуэщIхэри. Москва щыщ къулыкъущIэхэр убгъуауэ тепсэлъыхьащ адыгэхэмрэ урысхэмрэ я зэпыщIэнымрэ ар дяпэкIи гъэбыдэн зэрыхуейм.

Зэ!ущIэм и кIэухым, Сэхъурокъуэ Хьэутий ДАХ-м и дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ Щ!ыхь тхылъхэмрэ яритащ Москва пщIэрэ щIыхьрэ яIэу, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрыту щыIэ цIыху зыбжанэм. Апхуэдэу ягъэлъэпIащ Москва дэс адыгэхэм я нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ Агъырбэ Юрэ, «Нефтиса» НК-м и унафэщIхэм я советым и тхьэмадэ Семэн Юрэ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Iэщ!агъэм зэпымыууэ щыхурагъаджэ Урысей медицинэ академием (РМАНПО) сабий нейрохирургиемкIэ и кафедрэм и профессор, Сабий хирургиемрэ травматологиемкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым нейрохирургиемкIэ и къудамэм и унафэщI, «Дохутырхэм я хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Семэн Жаннэ, онколог-уролог, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Граждан авиацэмкIэ центральнэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ Пщыхьэщlэ Ахьмэд сымэ.

А махуэм хьэщIэхэм зыщрагъэплъыхьащ Хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ министерствэм и Уардэунэм. Морозовэ Зинаидэ и уардэунэр XIX лIэщIыгъуэм и кIэухым яухуа, Москва дэт фэеплъ унэхэм ящыщщ. Пасэ зэманым меценат цIэрыIуэ Морозов Саввэ и щхьэгъусэм хуритъэщIа унэ гъэщIэрэщIар псоми къахощ. Ар 1929 гъэм щегъэжьауэ МИД-м елъэ, Зинаидэ и унэлъащIэхэр къагъэщIэрэщIэжри, унэр зэрагъэпэщыжауэ, иджы Хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ министерствэм хьэщIэ къегъэблэгъапIэу къегъэсэбэп, Лавров Сергей и лэжьэгъухэм щахуозэ.

Хэкум и щыIэкIэ-псэукIэр зрагъэлъагъу

Апхуэдэ щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн куэд щалъэгъуа Москва къилъэтыкIыжри, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжа гупышхуэм Налшыки куэд къащыпэплъэрт. ДАХ-мрэ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министертвэмрэ я нэIэ щIэту, «Россотрудничество»-м кърагъэблагъа гупышхуэм щIыпIэ телъыджэхэр къызэкIухьащ, хэкурысхэм я щыIэкIэ-псэукIэр зрагъэлъэгъуащ. Псом япэу удз гъэгъахэр тралъхьащ МафIэ мыужьыхымрэ Идар Темырыкъуэ ипхъу Гуащэнэ и фэеплъымрэ. Хьэщlэхэм ирагъэлъэгъуащ егъэджэныгъэ Iуэхур республикэм зэрыщыIэтеухуам. Къалэн куэд щагъэзащIэ гимназиеу илъэситI ипэкIэ Налшык къыщызэIуахам курыт щIэныгъэ щрат еджапIэм нэмыщI, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтри хэтщ. Абы и пэIущIэ пэшым цIыкIухэм я лъэгу щыщIагъэплъри, еджапIэ классхэр, шхапIэхэр, библиотекэр, гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкIуэкI пэшхэр ирагъэлъэгъуащ. КъБР-м лъэпкъыбзэхэм зегъэужьыныкIэ и лабораторэм и унафэщI Щоджэн Iэминатрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель Табыщ Муратрэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм драгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм къахутепсэлъыхьащ, егъэджакIуэхэм хуагъэзащ. Хьэщlэхэр щIэупщIащ хэкурыс щIалэгъуалэм адыгэбзэм хуаIэ щытыкIэм, къыдэкIуэтей щIэблэм анэдэлъхубзэр яIурылърэ-яIэщIэхурэ, нэгъуэщIхэми, езыгъэри щыпсэу къэралхэм щыщыIэ щытыкIэхэмкIэ егъэджакIуэхэм ядэгуэшащ. Гупым зрагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техническэ колледжыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, сыт щыгъуи хуэдэу, Iэтауэ щрагъэблагъащ хамэ къэралхэм къикIа ди лъэпкъэгъухэр. Абыхэм къапежьащ Щ!алэгъуалэ политикэмрэ социальнэ Iуэхухэмкlэ управленэм и унафэщI Къумыкъу Резуан. Адыгэ, балъкъэр, урыс фащэхэмкIэ зэщыхуэпыкIа щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ махъсымэбжьэр кърахьэжьащ, нэхъыжьхэр ерыскъы IэфIхэм хагъэIэбащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIахэр зэрисым, университетми апхуэдэ куэд зэрыщеджэм и щыхьэту пэIущIэ пэшым щегъэувэкIат лъэпкъ зэкIэлъыкIуэхэм я шхыныгъуэхэмкIэ узэда Iэнэхэр. Ахэр къызэрагъэпэщат адыгэ, балъкъэр, урыс щэнхабзэ центрхэм. ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрым цIыхухъу, цIыхубз фащэхэмкIэ, адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэмкIэ зы плIанэпэр ирухуат. Хьэщlэхуэфlу зэрыщытыр нэрылъагъуу, лъэпкъ шхыныгъуэ IэфIхэр, пхъэщхьэмыщхьэр матэкIэ, IэфIыкIэр куэду къыпрахьэжьащ. Абдеж щызэхаша джэгум щIалэгъуалэм я лъэгу щыщIагъэплъащ тхьэмадэхэр, езыхэри яфIэфIу утыку къихьащ.

Сирие Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Къат Хьишам къиухар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетырщ. Абы и фIыгъэкIэ, хэкум къэкIуэж лъагъуэм пасэу къытеувахэм ящыщщ, адыгэбзэри урысыбзэри зэхуэдэу егъэшэрыуэ. «Сэ 1985 гъэм ууакIуэ IэщIагъэр сиIэу къэзухауэ щытащ мы еджапIэр. Си хэкум сызэрыщеджам мыхьэнэшхуэ щиIащ си гъащIэм. Си бзэр, си лъэпкъ хабзэхэр, си тхыдэр, сыкъызыхэкIар сщIэжу сыкъэпсэуащ, си щIэблэми ябгъэдэслъхьащ а хъугъуэфIыгъуэхэр. Мыбдеж адыгэ джэгукIэхэмкIэ сабийхэр щытоу, адыгэ ерыскъы IэфIхэр щашх, анэдэлъхубзэм щроп салъэ. Ахэр хъуэпсэгъуэщ, хъуэпсэгъуэшхуэщ. Дэри дыщыпсэу къэралхэм а лъапIэныгъэхэр щытхъумэну дыхэтщ, итIани и кIэм нэсу къыдэхъулIэркъым. Беягъри IэфIагъри здэщыIэр хэкужьырщ», - жеIэ Хьишам.

А махуэм тхьэмадэхэм Лъэпкъ музейми зыщрагъэплъыхьащ, абы и тхьэмадэ Накуэ Феликс адыгэ Iэщэхэр зэрагъабзэ щIыкIэхэр яригъэлъэгъуащ, пщыхьэщхьэм Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым спектакль щеплъащ.

Программэ хэхам тету хэкум къэкIуауэ щыхьэщIэхэм етIуанэ махуэм Щ!алэгъуалэм я унэм щахуэзащ КъБР-м и Парламентым и вице-спикер Къардэн Мурат, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ Къуэшрокъуэ Залым, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Гергоков Джамбулат сымэ. Абыхэм жаIащ МИД-м, «Россотрудничество»-м, ДАХ-м къызэрагъэпэща Iуэхум зылъ зыщIэт, щIыпIэ зэпэщхьэхуэхэм щыпсэу зэкъуэшхэр зэрызэхуишэжыр, я лэжьыгъэр дэкIынымкIэ гъуэгугъэлъагъуэ зэрыхъур, хэкужьым и бжэхэр сыт щыгъуи зэрахузэIухар, къэкIуэну, къэкIуэжыну хуейхэм Урысейр пэрыуэгъу зэрахуэмыхъур.

«Черкесский Ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Жылэгъащтэ Хьэчим утыку кърихьащ «Яндекс. Зэдзэкlакlуэ»-м адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ зэрыхагъэхьар. Абы сыт хуэдэ бзэкIи адыгэбзэр зэрыпхузэридзэкIым, ещхьыркъабзэу, нэгъуэщIыбзэхэр адыгэбзэ зэрыпхуищIым щигъэгъуэзащ къызэхуэсахэр Хьэчим.

А махуэм Гуэл щхъуантIэхэм я дахагъри зрагъэлъэгъуащ ди лъэпкъэгъухэм, Аушыджэр дэт «Идарей» зыгъэпсэхупIэм щагъэхьэщIащ. Абдеж хьэщIэхэр къафэрэ уэрэдкIэ щрагъэблэгъэри, Аушыджэр адыгэ къуажэм и тхыдэм щыщагъэзэуващ, егъэджакIуэхэми щыхьэту Iэщ!агъэм и щIыналъэхэм я щIэныгъэ-псэукIэхэм фIыщIэ ин хуащIащ ди лъэпкъэгъухэм. Шэрэдж районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Ефэнды Терезэ щIыпхуэдэ Iуэхухэм хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ нэхъ гъунэгъу зэрызэхуищIыр, хамэ къэралхэм щикъухьа адыгэхэр адэжь щIыналъэмкIэ къызэригъэхъуапсэр жиIащ, икIи а къомыр къалъытэу ди къэрал унафэщIхэм кърахьэжьа мы проектым фIы куэд къыпэкIуэну зэрыщыгугъыр къыхигъэщащ.

«Бахъсэн жыг хадэхэр» ООО-р нобэ Iуэхущ!апIэ нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщщ. Абыхэм я мыIэрысэхэми хэпльэну Iэмал яIащ республикэм щыхьэщIэхэм. Гектар 530-м къыщыкI жыгхэм мыIэрысэ лIэужьыгъуэ нэхъ цIэрыIуэхэр къыпачыж. Ахэр щахъумэ щIыIалъэхэр ирагъэлъэгъуащ еблэгъахэм. Щ!ыIалъэ 96-м мыIэрысэ тонн мин 25-рэ зэуэ щIохуэ.

Адэкlэ программэм тету, ди хэкуэгъухэр мы махуэхэм щохьэщIэ Къэрэшей-Шэрджэсым. Япэ махуэм и пщэдджыжьым Черкесск къалэм дэт Кавказ Ищхъэрэ къэрал академием щекIуэкIащ «Къэрэшей-Шэрджэсым ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр зэрахъумэ Iэмалхэр» стIол хъурейр. Абы доклад нэхъыщхьэ щызыщIа, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ тепсэлъыхьащ бзэр хъума хъунымкIэ икъукIэ сэбэп газет, журнал, тхылъ къыдэгъэкIыным и Iуэхур республикэм зэрыщыщытым.

«Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр лъэпкъ куэд щыпсэу хэгъэгущ. Мыбы илъэсищэ бжыгъэ хъуауэ зэгурыIуэу, мамырыгъэ яку дэлъу къыщызэдогъэгурыкIуэ лъэпкъитху - адыгэхэр, абазэхэр, къэрэшейхэр, нэгъуейхэр, урысхэр. Абы хэм ящыщ дэтхэнэми я бзэр къэралыбзэщ.

Къэралым и нэIэ щIэту республикэм и егъэджэныгъэ Iуэхущ!апIэу хъуам лъэпкъыбзэхэр щадж. Лъэпкъыу хъуам я бзэхэмкIэ радиомрэ телевиденэмрэ лъэпкъ редакцэхэр щолажьэ, къыщыдокI къэрал газетитху: «Абазашта», «День Республики», «Къарачай», «Ногай давысы», «Черкес хэку». А псори зи нэIэ щIэтыр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэмрэ Парламентымрэщ», - жиIащ Люсанэ. Абы къыхигъэщащ КъШР-м Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ, цIыхубз зэпыщIэныгъэхэмрэ печатымкIэ и министерствэм и къалэн нэхъыщхьэр цIыхубз хъыбарегъащIэ Iэмалхэм, тхылъ къыдэгъэкIынымкIэ лэжьыгъэм зегъэужьыныр, лъэпкъхэр зэрыгъэдэжь тхылъхэр дунейм къытегъэхьэныр зэрыарар. Хьэщlэхэми бысымхэми къыхагъэщащ анэдэлъхубзэр щIэблэм зрагъэщIынымкIэ сыт хуэдэ Iэмалри къэгъэсэбэпын зэрыхуейр, бзэр кIуэдыжмэ, лъэпкъри зэрыщымыIэжынур.

КъШР-м еблэгъахэр «Хьэбзэ гипс» Iуэхущ!апIэм хьэрычэтыщIэхэм щахуэзащ, «Биберд» лъэпкъ комплексым абы и тхьэмадэ, политик, хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ Дер Вячеслав къащыIущIащ, Архъыз зыщагъэпсэхуащ.

Тхыдэ мыхьэнэ зиIэ мы зэхыхьэхэр зыбзэгъэпсар иджырей Урысейм исхэм я псэукIэр гъэлъэгъуэным и закъуэкъым, атIэ хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ нэхърэ зэпыщIэныращ, проектыщIэхэм лъабжьэ яхуэхъун гупсысэхэр къэгъэщIынращ, щIалэгъуалэр адэжь хэкум къыдегъэхьэхыжынырщ, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр мамырыгъэмрэ зэIузэпэщыгъэмрэ я джэлэс щIынырщ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
КъБР-мрэ АР-мрэ щIыхь зиIэ я журналист.
Москва - Налшык - Черкесск.


Москва Кремлым и пщIантIэм зыщаплъыхь.


Хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ министерствэм и Уардэунэм зэIущIэ щокIуэкI.


КъБР-м, КъШР-м, АР-м я лIыкIуэу зэпымыууэ Москва щыIэхэр хьэщIэхэм яхуэзащ.


ЩIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа зэшхэр.



Налшык щызэIущIащ республикэ къулыкъущIэхэмрэ хэхэс адыгэхэмрэ.

ИгъащІэкІи ягъэлъэпІэну усакІуэ



КъБР-м и щІыхубэ усакІуэ, СССР-мрэ РСФСР-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Кулиев Къайсын и фэеплъым деж щэкІуэгъуэм и 1-м пэкІу щекІуэкІащ. Ар ирагъэхьэлІащ балъкъэр литературэм и классикыр къызэралъхурэ илъэси 109-рэ зэрырикъум.

УСАКІУЭШХУЭМ и цІэр зэзыхьэ уэрамым деж щызэхэта пэкІум цІыху куэд къекІуэлІат. Зэхыхьэр къызэІуахащ республикэм и курыт еджапІэхэм щІэс ныбжьыщІэхэр Кулиев Къайсын и усэ цІэрыуэхэм бзищкІэ – урысыбзэкІэ, адыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ – къеджэу. Ар и нэщэнэхэм, хамэ къэралхэм щыцІэрыІуэщ, – жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. – Тхыдэм урилъэжмэ, нэхъ зэман гугъу дыдэхэми абы и къалэмыр хуигъабзэрт цІыхухэм я лъапІэныгъэхэм, жылагъуэр зэкъуэзыгъэувэ Іуэхугъуэхэм: мамырыгъэм, напэм, захуагъэм, хэку, анэ лъагъуныгъэм, нэгъуэщІхэми. И усэ купщІафІэхэм къахощ зыщыщ лъэпкъми зэрыт динми емылъытауэ цІыхухэм яхуиІэ лъагъуныгъэр. Аращ дэтхэнэ зыми абы и усэхэр и гум щІынэсыр. Апхуэдэ усакІуэхэр мылІэжынипсэщ, игъащІэкІи тщІыгъунущ, гуапагъэрэ гъащІэм и фІыпІэкІэ гъэнщІа я щІэинхэм щІэблэм зыхуагъэзэху.

Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и лІыкІуэхэр, жылагъуэ, дин лэжьакІуэхэр, усакІуэр къэзыцІыхуу щытахэр, и гуащІэр фІыуэ зылъагъухэр.

Пэкlум хэтхэр XX лІэщІыгъуэм и усакІуэшхуэм зы дакъикъэкІэ хуэщыгъуа нэужь, и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Зэхыхьэм щыпащащ усакІуэм и фэеплъу Шэджэм цыІэ унэ-музейм, республикэм и щэнхабзэ, егъэджэныгъэ Іуэхущ1апІэхэм.

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

Хуабагъ къызыпкърыкІ лэжьыгъэхэр



Сурэтыщ1 гъуазджэхэмкІэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэм, щагъэлъагъуэ Адыгэ Республикэм и цІыхубэ художник, 2000 гъэм щыщІэдзауэ УФ-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм хэт Хъуажь Рэмэзан и лэжьыгъэхэр.

СУРЭТХЭР, пхъэм къыхищІыкІа, тхыпхъэхэр зыхиухуэна и лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэр - художникым и Іэрыкl 60-м щІигъу выставкэм къыхэщІеубыдэ.

- Урысейми нэгъуэщІ къэралхэми фІыуэ къыщацІыху Хъуажь Рэмэзан ди щІыналъэм къызэрытхуеблэгъар ди гуапэщ. Сурэтыщ1ым и лэжьыгъэхэм гу лъыуагъатэ, дэнэ щІыпІэ дыщымыпсэуми, адыгэхэм зы лъабжьэ, хабзэ, бзэ, тхыдэ зэрыдиІэм, - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Тау Ритэ гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуихым. - Псом хуэмыдэу Рэмэзан пхъэм къыхищІыкІа и Іэдакъэщ1экІхэм я дахагъэр, ахэр зэрызэщхьэщыкІыр умыгъэщІэгъуэнкІэ Іэмал иІэкъым. Абыхэм ди лъабжьэм, дыкъызыхэкІам дыхуашэж, жьымрэ щІэмрэ зэпащІэ.

КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ Жылэ Анатолэ и псалъэм къыхигъэщащ сурэт щІынми пхъэм къыхэІущІыкІынми зэхуэдэу Хъуажьыр зэрыхуэІэзэр зэригъэщІагъуэр, апхуэдэ зэфІэкІым зэрыригушхуэр, лэжьыгъэхэм купщІэ зэращІэлъыр, уэрагъэгупсысэр, гъэлъэгъуэныгъэр республикэм и щэнхабзэ гъащІэм и къэхъугъэ дахэу зэрыщытыр.

КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ Къаныкъуэ Жаннэ и гуапэу жиІащ Адыгейм щыкІуам Хъуажь Рэмэзан и лэжьыгъэхэм зыщигъэгъуэзауэ зэрыщытар, абыхэм хуабагъэ къазэрыпкърыкІыр, псэр зыхуэпабгъэ сабиигъуэм узэрыхашэжьыр. Абы щІигъужащ гъуазджэм дихьэх цІыхухэм гъэлъэгъуэныгъэм зыкърагъэхьэлІэну, лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэм еплъыну зэрыщыгугъыр.

- Мейкъуапэ си лэжьыгъэхэр щысшам къэсцІыхуа цІыху гуапэ куэдым язщ Рэмэзан. И Іэдакъэщ1экІхэм сыщыгъуазэми, ар нобэ етІуанэу къэсцІыхуауэ жыпІэ хъунущ. Ар Іэпщ1эльапщІэ нэсу зэрыщытыр и лэжьыгъэхэм хыдолъагъуэ. Рэмэзан и Іэрыкlхэм я гъэлъэгъуэныгъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекІуэкІым срогуфІэ икІи сохъуэхъу дяпэкІи ехъулІэныгъэ иІэну, - жиІащ УФ-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, РАХ-м и академик Сэвкlуий Хьэмид.

Къуэкlыпlэ лъэпкъхэм я къэрал музейм Кавказ Ищхъэрэм щІэ къудамэм (Мейкъуапэ дэтым) и щІэныгъэ-уэзщІыныгъэ къудамэм и унафэщІ Хъуакlуэ Ларисэ къытеувыІащ Адыгейм и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІу Рэмэзан щыщыта зэманым зэфІиха Іуэху щхьэпэхэм, гъуазджэм и зыужьныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэхэм. Апхуэдэу щІигъужащ илъэс зыбжанэкІэ ищІа лэжьыгъэхэр Налшык къиша м зэрыхигъэхьар, гъуазджэр зи псэм хэлъхэм ахэр ягу зэрыдыхьэнум шэч зэрыхимылъагъуэр.

- Си лэжьыгъэ нэхъыфІ дыдэхэм щыщхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щызгъэлъагъуэну си хъуэпсапІэти, къызэхъулІащ. Абы папщІэ, Адыгейм иджыпсту щымыІэ, хамэ къэралхэм щахъумэ языныкъуэ си Іэдакъэщ1экІхэм къатесщІыкІыжащ. Мыбдеж щыфлъагъу лэжьыгъэхэм яхэтщ сызыхуимытыж куэд, сылъаІуэу выставкэм папщІэ зэхуэсхьэсыжауэ. Гъэлъэгъуэныгъэм зыкърезыгъэхьэлІахэмрэ псалъэ гуапэ къыскъужызыІахэмрэ фІыщІэ фхузощІ! – жиІащ Рэмэзан.

Хъуажь Рэмэзан Урысейм иджырей сурэтыщІ гъуазджэхэмкІэ и лъэпкъ саугъэтыр (дыжьын медалыр) 2011 гъэм Москва къыщыхуагъэфэщащ. УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм и «Духовность. Традиции. Мастерство» дыщэ медалыр 2013 гъэм Москва къыщратащ. «Искусство рисует дорогу к Миру» лъэпкъыбэ зэпеуэм и саугъэтыр Париж 2021 гъэм къыщихьащ. Ар хэтащ «Природа-экология 2010», «Античность-Россия» (Сочэ. 2010, 2012 гъэхэм), «Россия-XII, XIII» (Москва. 2014, 2019) урысейпсо художественнэ академическэ гъэлъэгъуэныгъэхэм. Хъуажь Рэмэзан и Іэдакъэщ1экІхэр щахъумэ Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ музейм (Мейкъуапэ), КъуэкІыпІэ лъэпкъхэм гъуазджэхэмкІэ я къэрал музейм и къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыІэм (Мейкъуапэ), Адыгэ Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и Сурэтыщ1 галереем, Анкара къалэм Кавказ щэнхабзэм теухуа и къэхутэныгъэ фондым, Истамбыл къалэм Кавказ Ищхъэрэм и щэнхабзэмкІэ щыІэ зэгухьэныгъэм. Къинэмыщ1ауэ, Рэмэзан и лэжьыгъэхэм дахьэххэу Урысейм, хамэ къэралхэм щыпсэухэм зэхуахьэс.

«Соприкосновение» зи фІэщыгъэ гъэлъэгъуэныгъэр щэкІуэгъуэм и кІэ пщІондэ екІуэкІынущи, абы еплъыну гупыж зыщІхэм иджыри зэман фиІэщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ**
трихащ.



Иджырей мардэм къитІасэу

«Гъащlэ кІыхь икІи купщІафІэ» лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ Бахъсэн щІыналъэм и Зеикъуэ къуажэм и поликлиникэм зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр щрагъэкІуэкІ иджыпсту. Жыпlэнурамэ, псори зэхэту метр зэбгъузэнатlэ 2872-рэ хъууэ ухуэныгъэщІэ абы къыгуащІыхь, кІуэцІыбжэ иІэу.

ТЕРАПЕВТХЭМ папщІэ пэшхэр, узыфэ зэхуэмыдэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ, узыншагъэр къыщапщытэ нэгъуэщІхэри абы хэтынущ. Апхуэдэ щІыкІэкІи, къуажэдэсхэм хуащІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я куэдагъми, фІагъми, лІэужьыгъуэхэми хэхъуэнущ.

Къищынэмыщ1ауэ, езы поликлиникэри къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж. Мы зэманым ирихьэлІэу абы и пкъыгъуэжьхэр къыпкърахыжащ. Иджы, лэжьакІуэхэм къапэщцылъщ инженер коммуникацэхэр, унащхьэр, унэ Іуплъапlэр, щхьэгъубжэхэр, пэш кІуэцІхэр, нэгъуэщІхэри къагъэщІэрэщІэжыну.

Абыхэм къадэкІуэу, поликлиникэм къедза щІыпІэр зэІузэпэщ ящІынущ, машинэ Іухьэпlэхэм асфальт тралъхьэнущ, лъэс лъагъуэхэр хуащІынущ, къэухьхэр щагъэувынущ, жыг цІыкІухэри щагъэтІысынущ.

Апхуэдэуи, а лъэпкъ программэм ипкъ иткІэ, Аруан районым и Нарткъалэ къалэм дэт, узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ щІыналъэ сымаджэщыр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж мы махуэхэм. Медицинэ дэlэпыкъуныгъэхэр абы щрагъэгъуэт цІыху мин 76-м нэблагъэм, абы щыщу мин 19-м щІигъур сабийуэ. Лэжьыгъэхэр и кІэм нэгъэса иужькІи, цІыхуи 100-м нэблагъэм зэуэ сымаджэщым щеlэзэфынущ.

Иджыпсту ухуакІуэхэм унащхьэр зэрахъуэкІ, унэ Іуплъапlэр къагъэщІэрэщІэж. ИужькІэ, езы сымаджэщым и зэхэтыкlэм зэхъуэкІыныгъэхэр ирагъэгъуэтынущ, ар зыхуэныкъуэмрэ иджырей мардэм къигъэтІэса зэрыхъунымрэ ятещІыхьауэ.

Мурад щыІэщ 2028 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ирихьэлІэу лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІыну, хирургиекІэ корпус щІэращІэр къызэІуахыжыну.

КЪАЛМЫКЪ Альберт.

ГупитІми гугъу зрагъэхьыщакъым

● Футбол



«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо-2» (Мэхъэчкъалэ) - 1:1 (1:0). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. Жэпуэгъуэм и 31-м. Цlыху 200 еплъащ.

Судьяхэр: Микрюков Максим (Голицинэ), Черепнев Илья (Мэзкуу область), Жабоев Азэмэт (Мэзкуу къалэ).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Балъкъыз, Пириев, Гъуэгузокъуэ, Гирзишев, КІэдыкІуей, Хьэцlыкlу, Гъубжокъуэ, Тут (Селяев, 76), Ибрагимов (Шэрджэс, 76), Хьэшыр (Лысенкэ, 27).

«Динамо-2»: Зайнутдинов, Шихалиев А. (Седрединов, 70), Агабеков, Михтеев, Будайханов, Шамхалов И., Хидиев, Манучев, Гокгозов, Хидиров (Абакаров, 70, Шамхалов Г., 86), Алиев.

Топхэр дагъэкІащ: Ибрагимовым, 13 (1:0). Алиевым, 68 (1:1).

Дагъуэ къыхуащІащ: Гъубжокъуэм, Хьэцlыкlум, Гирзишевым, Манучевым, Шамхалов И.

Джэгум къыхахуащ: Хьэцlыкlур.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ «Спартак-Налшыкым» щэбэт кІуам къригъэблэгъащ Дагъыстэным и къалащхьэм и «Динамо-2» командэр. Турнир таблицэм и икlэ дыдэ увыпlэм щыт ди хьэщІэхэр мы гъэм гъатхэпэм я дежщыІэжу зэІущІэм и бжыгъэр 1:1-уэ налшыкдэсхэм къадэджэгууэ щытащ.

Къищынэмыщ1ауэ, нобэрей командитlыр УФ-м и чемпионатым 8-рэ щызэхуэзати, Налшык и топджэгухэр 6-м щытекІуащ, 2-м - «зэхуэарэзыуэ» щызэбгъэдэкІыжащ. Статистикэмкlэ Дагъыстэным и командэм дызэрефlэкlым и мызакъуэу, мыгъэрей зэхьэзэхуэм «Динамо-2»-м хьэщІагъэ щыІэу иригъэкІуэкІа иужьрей зэІущІэ 15-м щыщу, нобэрейр хэмыту, 14-м къащыхагъэщІат. Апхуэдэ щытыкІэм гугъэ дагъэщІырт ди щІалэхэм тыншу ар къахуэхьынкІэ хъуну. Арщхьэкlэ, гугъэмрэ ипэжыпlэкlэ Іуэхур зыlутымрэ зэтехуакъым. Налшык и командэм Мэхъэчкъалэ къикІа топджэгухэм «хьэщІагъэ» ирахыжащ икІи зэІущІэм и бжыгъэр 1:1-уэ мыбдежми щызэбгъэдэкІыжащ.

Къыхэбгъэщмэ, «Спартак-Налшыкым» мы зэІущІэм зыри къритыжыртэкъым: текІуами-темыкІуами, турнир таблицэм щиІыгъ 9-нэ увыпlэм икІыу зыщІыпІэкІи кІуэтэфынутэкъым. Ауэ Дагъыстэным и командэм Іэмал иІэт, дыкъэзыгъэщІэмэ, таблицэм и икІэ дыдэ увыпlэм къикІыу зы лъэбакъуэкІэ дэкІуэтеину. Ауэ, итІанэми, налшыкдэсхэр темыкІуэныр ди гущхьэ зэдгъэкІыртэкъым.

Зэ1ущІэм и япэ Іыхьэр командэхэм ирагъэжьащ, зэрыжаІэу, топ джэгуну гукъыдэжышхуэ зэрамыІэр къагъэлъагъуэу. Пэжщ, налшыкдэсхэм топыр нэхъыбэрэ яlыгъащ, нэхъыбэрэ кърахуэкІащ, ауэ фейдэ гуэри къахухэхакъым занщІэу. ИужькІэ, 14-нэ дакъикъэр екІуэкІыу, ди гуащхьауэ Ибрагимов Магомед зэІущІэм и бжыгъэр къызэІуихащ. Япэщ1ыкІэ, судьям топыр химыбжэн мурад иІащ, Хьэшыр Алан «офсайдым» иту гъуэгр къищтауэ къилъытэри. Ауэ абы и дэlэпыкъуэгъум и чэнджэщкІэ ар хригъэбжэн хуей хъуащ.

Абдежым къэхъуар мыращ: «Динамо-2»-м и гъуэ лъэныкъуэмкІэ ди щІалэхэм лъагэу топыр къыхатащ. Хьэшырыр щхьэкІэ абы еуэри, ар гъуэм и бгыкъум тригъэхуащ. Къэлъеижа нэужь, псом япэу Ибрагимовыр, жыпІэнурамэ, къуабэбжьабэ дыдэу топым еуащ икІи ар гъуэм дигъэхьащ. Налшыкым и командэм и капитаныр офсайдым иту, а топым щІэрыІэжын мурад иІэу и лъакъуэр ишият, арщхьэкІэ – техуакъым. Судьям абдежым къыщыхъуащ Хьэшырыр топым лъэІэсауэ. Арщхьэкlэ и дэlэпыкъуэгъум къыжриІащ ар абы зэремыІусар.

Абы нэмыщІ, япэ Іыхьэм и 27-нэ дакъикъэм Хьэшырыр яхъуэжын хуей хъуащ, фэбжь зэригъэтам къыхэкІыу: и лъакъуэм тещІэжри, зэІущІэм пищэн адэкІэ хузэфІэкІакъым. Ар зыхъуэжа Лысенкэ джэгур щІигъэхуэбжьэн мурадхэр иІащ, псынщІагъэ гуэрхэр къыхилъхьащ, ауэ жыжьэ нэсакъым: хуэм-хуэмурэ упщІыІужри, адрейхэм яхэзэрыхьыжащ.

Зэ1ущІэм и етІуанэ Іыхьэри командэхэм ирагъэжьащ хэлъэт гуэрхэри ямыІэу. Зэрыжаlэу, щІыр къизыудын къахэкІакъым. Япэ Іыхьэм ещхьуи, гур къыщІэзыубыдэн, уигу къэбгъэкІыжын гуэр абыхэм къагъэлъэгъуакъым, Хьэцlыкlу Амур губгъуэм къызэрырахуам нэмыщІ.

62-нэ дакъикъэр екІуэкІыу, судьяр фия нэужь, ди щІалэм хьэщІэхэм я гъуэм и лъэныкъуэмкІэ лъэщу топыр игъэлъэтащ. ДакъикъипщІ ипэкІэ карточкэ гъуэжь къэзылэжьа ХьэцІыкІум етІуанэри абдежым къыщрагъэлъагъури, губгъуэм къимыкІыу хъуакъым. Абы и зэранкІи «Динамо-2»-м и топджэгухэр къэбэдзэуэжри, зэман куэд трамыгъэкІуадэу зы топ ди гъуэм къытхудагъэкІыжащ. Мыбдежми, ди гъуащхьэтетымрэ гъуащхьэхъумэмрэ я зэгурымыІуэныгъэм ар къыхэкІащ.

Апхуэдэ Іуэху къекІуэкІыкІэм игъэгушхуа хьэщІэхэр хэтащ зэІущІэр яхыну икІи Іэмал зыбжанэ ди гъуащхьэм деж къыщызэрагъэпэщащ, ауэ ахэр и кІэм яхунэгъэсакъым, нэхъыбэм, зэрепІэщІэкІам щхьэкІэ. Хэгъэрейхэми бжыгъэм зрагъэхъуэжын Іуэху зэрахуакъым.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм кърикІуа бжыгъэ псоми щыгъуазэ фыхуэтщІынщ. Мис ахэр: **«Ангушт»** (Нэзран) – **«Нефтяник»** (Избербаш) – **2:1**, **«Севастополь»** (Севастополь) – **«Шахтер»** (Донецк) – **0:2**, **«Кызылташ»** (Бахъшысэрей) – **«Заря»** (Луганск) – **2:1**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) – **«Победа»** (Хасавюрт) – 1:**0**, **«Рубин»** (Ялтэ) – **«Ростов-2»** (Дон Іус Ростов) – **1:4**, **«Нарт»** (Черкесск) – **«Астрахань»** (Астрахань) – **2:1**.

Песчанокопскэм и «Чайка»-м иужьрей зэІущІэр блигъэкІащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	**«Севастополь»**	**28**	**21**	**3**	**4**	**56-23**	**66**
2.	**«Шахтёр»**	**28**	**18**	**5**	**5**	**52-25**	**59**
3.	«Ростов-2»	28	17	6	5	54-25	57
4.	«Победа»	28	15	3	10	51-39	48
5.	«Рубин»	28	13	7	8	41-31	46
6.	«Дружба»	28	13	7	8	36-32	46
7.	«Кызылташ»	28	13	5	10	48-38	44
8.	«Нарт»	28	13	4	11	39-28	43
9.	**«Спартак-Налшык»**	**28**	**10**	**8**	**10**	**38-33**	**38**
10.	«Заря»	28	8	6	14	37-40	30
11.	«Нефтяник»	28	8	3	17	26-66	27
12.	«Астрахань»	28	6	7	15	29-44	25
13.	«Ангушт»	28	6	5	17	16-35	23
14.	«Чайка-М»	28	6	2	20	30-66	20
15	**«Динамо-2» Мх**	**28**	**4**	**7**	**17**	**23-51**	**19**

ЩІалэгъуалэр зэдагъэлажьэ

Налшык къалэ администрацэм щІалэгъуалэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ Афэщlагъуэ Анзор хэтащ иджыблагъэ Владикавказ щекІуэкІа V егъэджэныгъэ щІалэгъуалэ зэхуэсым. ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэ 600-м нэблагъэм проектхэр къыщагъэлъэгъуа а зэхыхьэм къызэщІиубыдащ щэнхабзэри, егъэджэныгъэри, псэукІэр егъэфІэкІуэнри, спортри, нэгъуэщІхэри. 2025 гъэм Налшыкрэ Владикавказрэ зэгурыІуэныгъэ зэраухылІауэ щытащ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкlэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ. Мы зэхуэсри абыхэм ящыщ зыщ. Афэщlагъуэм жиІащ мыпхуэдэ щІэныгъэ зэхыхьэр езыр зыпэрыт lэнатlэм теухуауэ зэрыщхьэпэр, гупсысэрэ щапхъэрэ къызэрыхихыр, и Іуэху еплъыкІи къызэрыщигъэлъагъуэр.

- Мыпхуэдэ зэхуэсхэм сыхэтыну сфІэфІщ. Владикавказ щекІуэкІа Іуэхури сыткІи нэщІысауэ щытащ. Абы щыІэ щІалэгъуалэр дэзыхьэххэм, я лэжьыгъэхэр нэхъыбэу зытраухуэм, я гупсысэ къэІуэтэкІэм сыкІэлъыплъащ. ЩІалэгъуалэм я Іуэхур егъэфІэкІуэным теухуауэ къалэм щыІэ Іэмалхэми зыщызгъэгъуэзащ. Налшык къыщыдгъэсэбэп хъуну щапхъэ зыбжанэми гу лъыстащ. Илъэс ипэкІэ Налшыкрэ Владикавказрэ зэрызэгурыІуауэ щытахэр, дэфтэр къудейуэ къэмынэжу, гъащІэм къызэрыщыдгъэсэбэпыр, щІалэгъуалэм сэбэп дахуэхъуныкІэ абы фІагъыу хэлъхэр тегъэщІапІэ зэрытхуэхъур си гуапэщ, - жиІащ Афэщlагъуэм.

ГЪУЭТ Синэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м

ГъущІхэкІ куэд идыгъуащ

Прохладнэ район полицэм зыхуигъэзащ щІыпІэм щыІэ гъэшхэкІ заводым и лэжьакІуэм икІи яжриІащ я Іуэхущ1апІэм и щІыналъэм гъущІхэкІхэр зэрыдэкІуэдыкІар.

Урысей МВД-м и Прохладнэ къудамэм и лэжьакІуэхэм зы жэщ-махуэм къриубыдэу дыгъуакІуэр яубзыхуащ. Ар Шэджэм районым щыпсэу, илъэс 39-рэ зи ныбжь цІыхухъурщ.

Яубыдам зэрыжиІамкІэ, жэпуэгъуэм къриубыдэу ар езым и автомашинэкІэ заводым и щІыпІэм зыбжанэрэ кІуащ, гъущІхэкІхэр къыдишурэ ар щыІахым иритащ.

Шэч зыхуащІым теухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и «б, в» пунктхэм япкъ иткІэ икІи щІыпІэм имыкІыну Іэ щІрагъэдзащ.

Наркотикхэкlхэр къытрах

Урысей МВД-м и Прохладнэ къудамэм и лэжьакІуэхэм щІыпІэм щыпсэу, илъэс 49-рэ зи ныбжь цІыхухъум и унэр щыщІащыкІым зепхьэну хуит ямыщІ пкъыгъуэхэр къагъуэтащ. Ар къыщыхъуар Къэрэгъэш къуажэрщ.

Абыкlэ хуитыныгъэ яІэу, шэч зыхуащІыр здэщыІэ лъапсэр къыщапщытэм къагъуэтащ къэкІыгъэ гъэгъуахэр зэрылъ абдж банкІрэ пластик птулъкІэм щыщ Іыхьэхэмрэ.

Яубыдам зэрыжиІамкІэ, къытрахар наркотикхэкІ пкъыгъуэщ, ищэн мурад имыІэу ихъумащ, езым къигъэсэбэпыну.

Экспертизэм зэрыщІигъэбыдамкІэ, къытрахар марихуанэщ.

Шэч зыхуащІым теухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и япэ Іыхьэм ипкъ иткІэ.

ЩІыпІэм имыкІыну, хабзэр къызэпимыудыну Іэ щІрагъэдзащ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур щэкІуэгъуэм и 6-рщ.

Унафэщl-редактор ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщlэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ1 Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатlэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тираж ыр 1.101
Заказыр №2408

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **ПхытІыкІ Марие** *(2, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*.

Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящІащ **Дол Маринэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.